ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№237 (21.145) ● 2007 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхуэхэр афияным емыгъэтхьэкъунымкIэ и комиссэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр, акъылыр зэIызыгъэхьэ щхъухьхэр, ахэр зыхэлъ хущхьуэхэр зэрызэблагъэкIыр кьыхэпудыным теухуауэ аргуэру лэжьыпхъэхэм я Iуэхуэ Iэн Урысей Федерацэм и Президентым 2007 гъэм жъпуэгъуэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №1374-м ипкъ иткIэ **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхуэхэр афияным емыгъэтхьэкъунымкIэ и комиссэм хэтхэр мы Указым и Гуэдзэным зэриты хуэдэу къыщIэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхуэхэр афияным емыгъэтхьэкъунымкIэ и комиссэм и Аппарату къэзыгъэнэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм шынагъуэншагъэм и Iуэхуэхэмрэ хабзэхьумэ органхэм ядэлэжьнымкIэ и управленэм и унафощIым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхуэхэр афияным емыгъэтхьэкъунымкIэ и комиссэм и аппаратым и унафэщIым и къалэнхэр бгъэдэлъхьэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарь Шондыр О. Л. и пщэ ильхьэн мы Указым къигъэувэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и нормативно-правовой актхэр егъэзэгъэжьынымкIэ Iуэхуэхэр зы мазэ IапIэм къыхилъхьэн.

4. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м
№85-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм жъпуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №85-УП-мкIэ къыщIэщIа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхуэхэр афияным емыгъэтхьэкъунымкIэ и комиссэм хэтхэр

Къанокъуэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентыр *(комиссэм и унафощIш)*

Кульбаев Р. М. - Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъплъымкIэ и федеральнэ къулыкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафощIыр *(комиссэм и унафощIым и къудэгущ)*

Бечелов И. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафощIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хьумэнымкIэ и министрыр

Блий А. А. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ таможнэ къулыкъым и Ипщэ таможнэ управленэм и Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафощIыр

Жариков О. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыIуауэ)*

Къэзэр А. Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафощIыр

Мер Ю. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и УнафощIыр *(зэгурыIуауэ)*

Меркулов А. В. - Урысей Федерацэм и Президентым и Полномочнэ лIыкIэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр

Сердюк В. А.- Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафощIыр

Томчак Ю. И. - кьэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр

Устэ В. Хь.- Урысей Федерацэм и прокуратурэм Следственкомкэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафощIыр *(зэгурыIуауэ)*

Шондыр О. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарь

Щхьэлэхъо С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэнымрэ щIэныгъэмкIэ и министр

Ярин А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафощIыр

Бакъ Н. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист» щIэ лъапIэр фIэщыпхъэ и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Экономикэм и Iэнатl эм щиIэ фIыщIэм папщIэ икIи гъэзэщIакIуэ властым и органхэм ильэс куэд лъандэрэ зэхэлэу зэрыщылажьэм къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист» щIэ лъапIэр фIэщын **Бакъ Николай Хьэчим и кьуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэм - финанс-экономикэ департаментым и унафощIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м
№89-УП

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дзэм хэтхэм я зэIущIэ Налшык щекIуэкIащ

УФ-м и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я главнокомандующэ, армэм и генерал **Рогожкин Николай** дыгъуасэ къэрал кIуэцI дзэхэм я Кавказ Ищхьэрэ округым хьыхь дзэ часту Налшык къалэм щыIэм дзэ унафэщIхэм я совет щригъэкIуэкIащ. МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я Кавказ Ищхьэрэ округым и подразделенэхэм къулыкъу зэращIэм, абыхэм дяпэкIи кьапэщIэт кьалэнхэм теухуа псалъэмакьым хэтащ КЬБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен.**

А зэIущIэм ипэ кьихуэу КЬБР-м махунтIкIэ щекIуэкIащ частхэмрэ соединенэхэмрэ я унафощIхэр бгьытэ щыпIэхэм къулыкъу зэрыщрахьэкIым щыгъуазэ щIыным теухуа зэхуэсыр.

Налшык щекIуэкIа советым хэтащ УФ-м и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я Кавказ Ищхьэрэ округым и командующэ генерал-полковник **Внуков Евгений,** УФ-м и МВД-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и управленэ нэхъыщхьэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщI къэрал кIуэцI дзэхэм я генерал-полковник **Паньков Михаил,** УФ-м и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я главнокомандующэм тылымкIэ и кьуэдзэ - тылым и унафэщI генерал-майор **Любченко Николай,** къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КЬБР-м щыIэ генерал-майор **Томчак Юрий,** УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр** сымэ.

КЪБР-м и Правительствэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапхъэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Гъуэгу лэжьыгъэхэм къыпащэн папщIэ

Республикэм и гъуэгу хозяйствэм зегъэужьыным 2008 гъэм сом мелуан 941-м щигъэу трагъэкIуэдэнущ. Апхуэдэ унафэ кьыщащтащ КЪБР-м и Правительствэм дыгъэгъазэм и 6-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

ДЫЗЫХУЭЖКIУЭ ильэсым ирагъэкIыжну гъуэгу лэжьыгъэхэм я программэр Правительствэм къыщыхилъхьащ министр **Сунш Ануарбий.** Абы зэрыжиIамкIэ, мы Iэнатl эм къыщагъэсэбэпыну ахъшэм щыщу сом мелуан 235-р республикэ бюджетым къыхагъэкIынущ, адрей кьанэ бжыгъэр федеральнэ мылькуу щытынущ.

Правительствэр арэзы техъуащ Профсоюзэ уэрамым тращыхь псэупIэ унэ №222-р нагъэсэжьын папщIэ «Республикэ ипотекэ агентствэ» кьэрал Iуэхущапхъэм сом мелуан 45-рэ щыкIуэну кьызэригъэк. А ахъшэм процент 14-м щIимыгъу щхьэщатыкIыну араш.

ЗэIущIэм кьыщащта уэфэм ипкъ иткIэ, щыхуэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ центру IыпIэ дэтхэм я бжыгъэр ягъэмэгъэнущ. Пажьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** ыкIи зэрырыльытэмкIэ, зы IуэхуэрапIэ лъэщу а псори зэтегъэзэхэжмэ, кьулыкъу зыIыгъ унафэщIхэм я бжыгъэр яхуэгъэмэщIэнущ, зи ныбжь хэкIуэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэми зрагъэубгъуфынущ.

ЗэIущIэм гулыитэ хэха щыхуащIащ республикэм и гъуэгухэм зэрыщыдэкIуэ хабзэхэр гъэтхIииныр, фэбжьу абыхэм къыщыхъуэхр гъэмэщIэным пыщIа Iуэхуэхэм. Къапщтэмэ, 2012 гъэм нэсыу ягъэIэпхъуащ КЬБР-м и гъуэгухэм щынагъэншэу щызэкIуэнымкIэ республикэ программэ хэхар зэрагъэзэщIэну гIыпIэр. Апхуэдэу гъуэгухэм зэрыщызэкIуэ хабзэхэр гъэтэмэмыкIымкIэ, фэбжьхэр гъэмэщIэнымкIэ, транспортым кIэлъплъымкIэ, автотранспортым пыщIа адрей IуэхуэхэмкIэ центр щхьэхуэ кьызэIуахыну я мурадщ. ЗэкIэ кьызэрабжамкIэ, абы и унэр щыIным, зэкIуэ Iуэхуэр зэIущIэм щIэсасэм дальгъащ.

Правительствэр апхуэдэу хэплъащ «2008 - 2010 гъэхэм КЪБР-м и щыIалъэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зыщемыгъэубгъуныр», «2008 - 2010 гъэхэм КЪБР-м и щыIалъэм хабзэншагъэхэр кьэмыгъэхьуным теухуа профилактикэ щегъэкIуэкIыныр» республикэ программэ хэхахэм, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щыIалъэ фондым 2007 гъэм и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щыIалъэ фондым 2007 гъэм и бюджетым теухуа законопроектхэм. ДызыхуэкIуэ ильэсым Фондым и бюджетым и хэщIхэр сом мелуан 1768428-рэ хъунущ, республикэм иц дэтхэнэ зы цIыхуми ику иту сом 1990-рэ трагъэкIуэдэнущ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапхъэ.

Дамыгъэ лъапIэр къыхуагъэфащ

Мэкъумэш **щIэ**нат Iэм зегъэужьыным кIаруушхуэ зэрырихьэлIам, ильэс куэд лъандэрэ зэхэлэу зэрыламыжьм папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м кьыдигъэкIа Указ №1600-мкIэ «Мэкъумэш хозяйствэм щилэжьахэм папщIэ» медалыр кьратащ **Кравченко Александр Анатолий и кьуэм** - «Primalex» агропромсоюз» ООО-м и механизаторым.

● Жэрдэм

«Кабардинка» ансамблым дыдэвгъэIэпыкъу

Республикэм ис псори фIыуэ щыгъуазэщ «Кабардинка» къэфакIэ ансамблыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и набдзэу, и дамыгъэу зэрыщыгъым. Кьызэрызэрагъэпэщэу дэжьа ильэс 70-м кьурыбгъэу абы дунейм псор кьызэхихIыжьащ икIи и зэфIэкI инымкIэ цIыху мелуанэкэр кьыдихьэхащ. Иджыпсту ансамблым и Iуэхур гугъуу мылъку щIагъуэ зэрырегъэдэмылым кьыхэкIыу. Псом хуэмыдэу абы и лэжьыгъэм зэран хуохъу концертхэр итыну ди гъунэгъу щыIалъэхэм зэрыкIуэн транспорт зэрымыIэр.

Дыдзэвгъэхьи «Кабардинка» ансамблым хуэфэщэн автобус кьыхуэдвгъэщэху!

Сэ фIыуэ кьызэгурыуэ зыми мылъку лей зэримыIэр, дэтхэнэми и сомыр пщIэнтIэпскIэ кьызэрилэжьыр. Ауэ, итIани, шэч кьытесхьэрхьым си жэрдэмыр куэдым кьызэрыдальгъынум.

ПщIэ кьыфхуэзыщI, хьэрычэт лэжьакIуэ **ЛIыХЪУГУ Руслан.** ФIыщIэупщIэ хъунущ **8-928-700-53-23** телефонымкIэ.

■ ДифI догъэзыапIэ ■ Пшыхьэр ■ Фэеплъ
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Спорт Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Мальхъэдис

Лъэныкъуэхэр зочэнджэщ

КЪБР-м и Правительствэм и Уиэм дыгъуасэ щызэхэтащ социально-IэпыкIуэ жьыгъэ зэхуэдэныкIэхэр зэкIэлъыгъэкIуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэныкьуэщ Комиссэм и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей.

РЕСПУБЛИКЭМ и Правительствэм и Аппаратым и унафэщI **Кьанокъуэ СультIан** кьыхихьэу Комиссэм и секретариатым хэтхэр кьаита нэужь, зэхуэсахэр Iуэгугъуи 4-м хэплъащ.

Япэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым улахуэр зэрыщытыр хабзэм тету кьызэгъэпэщыжьыным - теухуауэ зэфIагъэкIэм ехьэлIауэ зэIущIэм кьыщыпсэлъащ Федеральнэ налог Iуэхущапхъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Ткаченко Александр.**

Ар зэпхьрыхауэ къытеувыIащ абы и гъэныкьуэкIэ зэгъэхьулIа хъуаэмрэ дяпэкIэ я мурадхэмрэ.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкIэ и министр **Мусуков Алий** и псалъэмакъыр триухуащ щIыхуэхэр нэхъыбэу зыщIэупщIэ ерыскьыхьэкIэм я уасэхэр зыхуэдэм.

Улахуэ нэхъ мащIэ дыдэм тещIыхьауэ 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэ зэгурыIуэныгъэ щызэщIылIэными иIэну мыхьэнэмрэ Комиссэм и зи чэзу зэхьэхьэр зыхъуэнымрэ ехьэлIауэ профсоюз организацэхэм я Зэгухьэныгъэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Евтушенко Сергей** жиIа хэм едаIуэри, зэхуэсахэр зэгурыIуащ зыт епсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм зэгъэзэхуэщIыныгъэхэр халъхьэну.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан.**

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.



Куржыхэм ягу ирихьыркъым

АБХЪАЗ. *«Зыуэ щыт Урысей» партым и тхьэмадэ Грызлов Борис иджыблагъэ зэрыжиIамкIэ, УФ-м и Къэрал Думэр 2008 гъэм щышыпхэм хэплъэну къыщIэкIынуи Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я щIэх хущIыкIыж къэралыгъэ щхьэхуэу къэлыгъэным теухуа Iуэхугъуэм.*

ГРЫЗЛОВ Борис кьыхихьэщащ а республикэхэм я щIыхуэхэр къэралыгъэ щхьэхуэу псэуну хуейр-хуэмейр зэхэтхэжкIыну щIыпIэ парламентхэм референдум зэрыригъэжкIуэкIар. «Мыз»-мытIэу Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зыжьыгъуагъэзащ ахэр кьэралыгъэ щхьэхуэу кьэтIыгъэну, уеблэмэ Урысей Федерацэм хэдгъэхьэну кьэлъэIуащ, - жиIащ Грыз ложьм.

Апхуэдэ псалъэхэр Куржым и унафэщIэм ягу ирихьакIым. Кьащтэмэ, къэралым и президент кьалэныр пIалъэкIэ иджыпсту зыгъэзащI, парламентым и спикер Бурджанадзе Нино жиIащ Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьыныжкIэ У Ф-м щекIуэкIа хэхьыныгъэх эм «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым текIуэныгъэ кьызэрыщыхьамкIэ е хъу зхъуну зэрим урадар, ауэ Грызлов Борис и псалъэхэм я ужькIэ апхуэдэ гукъыдэж зэримыIэжыр.

«Урысей Федерацэм и унафэщIх эм Грызлов Борис и псалъэхэм щхьэкIэ официальнэу зыкьыхтхуагъэзэну дыщоугуГ икIи зыгуэркIэ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ къэралыгъуэ щхьэхуэу кьалытэну загъэхьэзыру щытмэ, абы дынэджэжу Куржым и Конституцэм кьыдит Iэмалхэм т ещIыхьауэ зэфащэ жэуап ет тыжьнущ. Куржы щыналъэр зэкIэщIачу зыми хуэдэнукъым», - кьыхихуэщащ Бурджанадзе Нино.

ТlасхъэщIэхыр токIуэ

АДЫГЕЙ. *Ныкъуэдыкъуэхэм я махуэм прихьэлIэу Афганистан, ШIэщэ зауэхэм хэтахэм нэщанэ суэныжкIэ я зэхьэзэхуэ Мейкьуауэ щекIуэкIащ.*

КIэрахьуэкIэ нэщанэ еуа ветеранхэм текIуэр очко 84-рэ зыIэрызыгъэхьа, тIасхъэщIэ Абрашкин Олегщ. Зэпеуэм зэтахэр саугъэт щхьэхуэхэмкIэ ягъэгъэфащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЩIэныгъэ

Дипломхэр ират

УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым и къудамэу Налшык дэтыр къэзыухахэм юрист Iэщlагъэ нэхъыщхьэ зэрагъэтам и дипломхэр дыгъуасэ ираташ.

ХАБЗЭХЪУМЭ Iэнатl эм щылажьэурэ еджа щIыхуи 164-м ящыщу 5-м фIы дыдэу кьаухащ икIи абы хуэфащэ дипломхэр яIэрыхьащ. Милиц школым кьыщIигъэкIа юристхэм яхэщIэ зыпэрыт Iэнатl эм къыщыхэжанькIахэри, хахуагъэм и медалхэр зыхуагъэфащахэри.

Милиц школым и унафэщI **Щхьэпэсо Заурбэч** къызэхуэсахэм яригъэщIыхуащ къаухеблэгъа хьэщIэ лъапIэхэр.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс,** КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщI**Къэзэр А. Хь.** Къэбэрдей-Балъкъэр Мэкъумэщ академием и ректор **Жэрыкъуэ Борис,** Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КЪБР-м щыIэм и кьуэдзэ **Горячев Виталий,** УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым и лIыкIуэ **Кошкин Петр,** Урысейм тезырхэр иригъэкъжьыныкIэ и федеральнэ Iуэхущапхъэм и управленэу КЪБР-м щыIэм и унафэщI **Абыдэ Ахьмэд** сымэ, нэгъуэщI кьулыкъущIэхэри.

УАРДЭ Жантиэ.

● Iуащхьэмахуэ куэй

Iуэхущапхъэр къощIэрэщIэж

зыгъэкI завод» ООО жиIэу зыфIащащ Iуэхущапхъэм мазэм хуэзэу бетон къудейуэ кубометр миным щIигъу къыщIегъэкI. Производствэр иджырей щапхъэм ипу зэтрауэгъуэн папщIэ мывэр зэракъутэ Iэмэпсымэхэр Италием къращащ. Абы и фIыгъэкIэ кIэрыхуащ электрокъарууэ кьагъэсэбэпым.

Апхуэдэу предприятэм зэригъэпэщащ техникэ зэмылIужьыгъуэ куэд. Езым иIэ хъуащ къыщIатъэкIыр къыхэрыращкI транспорти, абы я фейдэм хегъахъуэ. Тырныауэ ЗЖБИ-р дяпэкIэ сыт и лъэныкъуэкIи хъэрхуэрэгъу езым уэхуэ Iэнатl эм яхуэхъунущ. Мы ящыщхэм цIыху 20 щылажьэ заводым къыщIигъэкIащ сом мелуани 4 и уасэ икIи абы кIуэ пэтми хохъэнущ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Иужьрей зэхуэсыр

Федерацэмкlэ Советым хэтхэм къащIытэжащ дызэрыт илъэсым зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр.

Зэ еплъыгъэкIэ, ахэр мащIэкъым. Депутатхэм кьащтащ закон зэмылIужьыгъуэу 250-рэ. Ауэ зыхуэмыгъэхэр гъунэжщ. Абы и щIыхьэтщ цIыхубэр, нэхъапэхэми хуэдэу, зэрыкъулейсызыр, улахуэхэр, пенсэхэр зэрымащIэр. А Iуэхугъуэхэм я хэкIыпIэхэм Федерацэмкlэ Советыр дяпэкIэ елъэжьнущ, властым и адрей кьудамэхэм я гъусэу.

Сыт бжьамийм и лажьэр?

Накьыгъэ кIуам Киев областым газ зэрыгъэкIуэ бжьамийр къыщIыгъуи, кьуажэ зыбжанэ газыныщу кьэнауэ щытащ махуищI хуэдизкIэ.

Апхуэдэ дыдэу дыгъуасэ къатепсыкащ Винницэ областым щыщ кьуажэ тIощIым щыпсэухэм: газ бжьамийр кьэуэри, мафIэс инми зыкъыIэтащ. Мыгъэру МЧС-м и лэжьакIуэхэм яхуэзэфIэкIащ мафIэсыр зэгъэункIыфIныр. Бжьамийхэр зэрагъэпщынкI. «Газпромым» и лIыкIуэ Куприянов МЧС-м зэрыжиIэмкIэ, Урысейм икIуэ хамэ кьэралхэм яшэ газыр къыхэтрамыгъэуэнIауэ. нэгъуэщI бжьамийхэмкIэ ягъакIуэ.

Кьэхуэам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкI.

Залымыгъэ

«Внешторгбанк» компаниием и лэжьакIуэ Жуковскэ Олег и хьэдэр къыщагъэтащ Москва пэгъунэгъуу щиIэ унэм и пщIантIэм. «СызэрыплъамкIэ зыри фымыгъэкъуанщэ» жиIэу зыстетха тхьылъымпIэ кIапэр бгъэдэлъу.

Следователхэм кьызэрахутамкIэ, банкирым зиукIыжакъым. Ар яIэщIэкIуэдащ залымэхьэхэм. Ахэр кьалъхьуэ.

● Экологие къулейсызыгъэ

Мы хъыбарыр къратыкIащ Корее Ипщэм. Тхенан кхъуэ тедзапIэм танкерыщхуэр щыкьэхуащ хьэпIэ зэрадзэ.

Абы мыгъуагъэшхуэ щыкIащ - щIыдагъэу тонн мин 15 хуэдизэ тенджэшым хэльэдащ. Ар экологие къулейсызыгъэшхуэщ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 8, *щэбэт*

◆ РСФСР-м и президент Ельцин Б.Н., Белоруссием и Совет Нэхъыщхьэм и унафощI Шушкевич С.С., Украинэм и Iэтащхьэ Кравчук Л.М. сымэ Беловежскэ зэгурыIуэныгъэр щызэращIыпIа, СНГ зэгухьэныгъэр щыщыхьуа, СССР-р щакьутэжа махуэщ (1991).

◆ Ильэс 20-кIэ уэзлэбжькIымэ, КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ секретарь Горбачев Михаилрэ США-м и Президент Рейган Рональдрэ Вашингтон щызэIущIэри, Iэщlадзауэ щыгъуазэ СССР-мрэ США-мрэ я зэгурыIуэныгъэм, курыт жьыжьагъкIэ е нэхъ мащIэкIэ льатэ ракетэхэр гъэкIуэдыжьыным теухуам.

◆Ильэс 80 мэхъу СССР-м и кьхъухьлъатэзэхуэ-космонавт, авиацэм и генераллейтенант, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхьужь Шаталов В.А. къызэралъхурэ (1927).

◆ УФ-м щыхь зиIэ и артистхэ, уэрэджьакIуэ Шэрий Иринэ кьищалъхуа махуэщ.

◆ КъБКъУ-м и профессор, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Шыд Андемыркъан кьищалъхуа махуэщ (1954).

◆«Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ, Ингуш Республикэм щыхь зиIэ и артистэ Щоджэн Ксение кьищалъхуа махуэщ.

◆ Дыгъэр кьащIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 30-м, къуэлъэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 29-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 59-рэ.

Дыгъэгъазэм и 9, *тхьэмахуэ*

◆ Илъэси 165-кIэ уэзлэбзэкIыжмэ, Петербург дэт Театрышхуэм япэ дыдзу щагъэлъэгъуауэ щытащ композитор щIэращIу Глинкэ Михаил итха «Руслан и Людмилэрэ» оперэр.

◆Дыгъэгъазэм и 9 - 16-м Дубаи (Къэрал Эмират Зэгуэтхэм) щекIуэкIыныщ IV дунейпсо кинофестивалыр.

◆ Урыс радиожурналист Фролов М. Л. щыкьалъхуа махуэщ (1914 - 1995). Абы и щIыхькIэ Санкт-Петербург щагъэлъапIэ Репортерым и махуэр.

◆Адыгэ тхакIуэ, критик, драматург Нало Жансэхъу кьыщалъхуа махуэщ (1906 - 1937). Ар КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и япэ унафощIу щытащ, СССР-м и тхакIуэхэм я япэрей съездым хэтащ, 1937 гъэм политикэ залымыгъэм ихьащ.

◆Шэрджэс щIэныгъэлI, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Щохъужь Замир кьыщалъхуа махуэщ (1962).

◆ Дыгъэр кьащIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 31-м, къуэлъэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 28-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 57-рэ.

Дыгъэгъазэм и 10, *блищкъэ*

◆ООН-м и Ассамблеэ Нэхъыщхьэм и унафэкIэ (1948) ягъэувауэ щытащ ЦIыхуи и щхьэхуитныныгъэр хьумэным теухуа махуэ. Ар ягъэлъапIэ Дунейм кьэралу тет псоми.

◆ Урыс тхакIуэшхуэ Некрасов Н.А. кьыщалъхуа махуэщ (1821 - 1878).

◆ КъБКъУ-м и профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, академик Лафыщ Мухьэмэд кьыщалъхуа махуэщ.

◆ КъБКъУ-м и профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, академик Щхьэнокьуэ Мухьэмэд кьыщалъхуа махуэщ.

◆ КъБКъУ-м и профессор, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Быльмэгъуэт Борис кьыщалъхуа махуэщ.

◆ Урысей дирижер щджажьщэ, СССР-м и цIыхубэ артист, щэнэфрэ Кьэрал саугъэтыр зрата Темыркан Юрэ кьыщалъхуа махуэщ.

◆ Дыгъэр кьащIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 32-м, къуэлъэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 28-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 56-рэ.

ЛIалэнэрэ зыгъэхьэзырыр
ТХЬЭМОКIУЭ Барэсбийм.

Лъэпкъ IуащIэ:

Нэмыс пщIымэ, уи щхьэщ зыхуэпщIыжыр.

● КъБР-м и Правительствэм

Гъуэгу лэжьыгъэхэм къыпащэн папщIэ

Республикэм и гъуэгу хозяйствэм зегъэужьыным 2008 гъэм сом мелуан 941-м щигъэу трагъэкIуэдэнущ. Апхуэдэ унафэ кьыщащтащ КъБР-м и Правительствэм дыгъэгъазэм и 6-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

ДЫЗЫХУЭЖКIУЭ ильэсым ирагъэкIыжну гъуэгу лэжьыгъэхэм я программэр Правительствэм къыщыхилъхьащ министр **Сунш Ануарбий.** Абы зэрыжиIамкIэ, мы Iэнатl эм къыщагъэсэбэпыну ахъшэм щыщу сом мелуан 235-р республикэ бюджетым къыхагъэкIынущ, адрей кьанэ бжыгъэр федеральнэ мылькуу щытынущ.

Правительствэр арэзы техъуащ Профсоюзэ уэрамым тращыхь псэупIэ унэ №222-р нагъэсэжьын папщIэ «Республикэ ипотекэ агентствэ» кьэрал Iуэхущапхъэм сом мелуан 45-рэ щыкIуэну кьызэригъэк. А ахъшэм процент 14-м щIимыгъу щхьэщатыкIыну араш.

ЗэIущIэм кьыщащта уэфэм ипкъ иткIэ, щыхуэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ центру IыпIэ дэтхэм я бжыгъэр ягъэмэгъэнущ. Пажьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** ыкIи зэрырыльытэмкIэ, зы IуэхуэрапIэ лъэщу а псори зэтегъэзэхэжмэ, кьулыкъу зыIыгъ унафэщIхэм я бжыгъэр яхуэгъэмэщIэнущ, зи ныбжь хэкIуэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэми зрагъэубгъуфынущ.

ЗэIущIэм гулыитэ хэха щыхуащIащ республикэм и гъуэгухэм зэрыщыдэкIуэ хабзэхэр гъэтхIиныр, фэбжьу абыхэм къыщыхъуэхр гъэмэщIэным пыщIа Iуэхуэхэм. Къапщтэмэ, 2012 гъэм нэсыу ягъэIэпхъуащ КъБР-м и гъуэгухэм щынагъэншэу щызэкIуэнымкIэ республикэ программэ хэхар зэрагъэзэщIэну гIыпIэр. Апхуэдэу гъуэгухэм зэрыщызэкIуэ хабзэхэр гъэтэмэмыкIымкIэ, фэбжьхэр гъэмэщIэнымкIэ, транспортым кIэлъплъымкIэ, автотранспортым пыщIа адрей IуэхуэхэмкIэ центр щхьэхуэ кьызэIуахыну я мурадщ. ЗэкIэ кьызэрабжамкIэ, абы и унэр щыIным, зэкIуэ Iуэхуэр зэIущIэм щIэсасэм дальгъащ.

Правительствэр апхуэдэу хэплъащ «2008 - 2010 гъэхэм КъБР-м и щыIалъэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зыщемыгъэубгъуныр», «2008 - 2010 гъэхэм КъБР-м и щыIалъэм хабзэншагъэхэр кьэмыгъэхьуным теухуа профилактикэ щегъэкIуэкIыныр» республикэ программэ хэхахэм, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щыIалъэ фондым 2007 гъэм и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щыIалъэ фондым 2007 гъэм и бюджетым теухуа законопроектхэм. ДызыхуэкIуэ ильэсым Фондым и бюджетым и хэщIхэр сом мелуан 1768428-рэ хъунущ, республикэм иц дэтхэнэ зы цIыхуми ику иту сом 1990-рэ трагъэкIуэдэнущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапхъэ.

ТласхъэщIэхыр токIуэ

АДЫГЕЙ. *Ныкъуэдыкъуэхэм я махуэм прихьэлIэу Афганистан, ШIэщэ зауэхэм хэтахэм нэщанэ суэныжкIэ я зэхьэзэхуэ Мейкьуауэ щекIуэкIащ.*

КIэрахьуэкIэ нэщанэ еуа ветеранхэм текIуэр очко 84-рэ зыIэрызыгъэхьа, тIасхъэщIэ Абрашкин Олегщ. Зэпеуэм зэтахэр саугъэт щхьэхуэхэмкIэ ягъэгъэфащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Жэрдэм

«Кабардинка» ансамблым ды

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщІэхэм я жэуапхэр

ЯгъэІэпхъуэнухэм хагъэхуащ

**«2002 гъэ лъандэрэ ди унагъуэм кьыбгъэзэкІыу щыпІэ самоуправленэм и органхэм лъэІыу яхуедгъэхьам гъунэ пІэкъым: щыхуитху ныбжьыу дэ мертэ зэбгъуэзэнтІэ 18 фІэкІ кьыхэзрымыкІ пэщым дыщІэпсэу. КъулыкъуэкІи Ищхьэрэ къуажэм и администрацэм кьыхэзригъэпэща комиссэм итха актым кьыщигъэлъэгъуащ ди псэупІэр егъэфІэкІуэнымкІэ зыкъыгтщІагъэлъэкъуапхъэу кьыхэзрильытэр. ПщІэ зыхуэтщІ Арсен Башир и къуэ, мы Іуэхум зы кІэ гуэр езытыфын щымыІэу ара? УнафэщІ органхэм лъэІухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ яхуэттхыу зэрекІуэкІа ильэспиІлым кьриуфыдзу си щхьэгъусэр дунейм ехьажащ, си къуэм и уэзыр хэуэкьынащ, си нысэр сымаджэ хьуащ. Сэ икьуКІэ сытогуззвыхь си къуэрылъхуэм я зэшнэгъэмэ».

Даур Хь., *Къулыкъужьи Ищхьэрэ къуажэ.*

Жэуап кьрет Бахьсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ **Къаздэхьу А.:**

-Мы Іуэхур зытеткІэ комиссэм кьипщащ. Тхьэусыхафэр кьэзытхам и щІапІэм епльахэм ядальытащ унэр капитальнэу зэгъэпэщыжьын, кьыхэзгъэхьэн хуейуэ. Апхуэдизу ахьшэ езы кьуажэм и бюджетми районым и бюджетми кьыхэзрымыкьыфынум кьыхэкІыу мы унагъуэр хагъэхьащ унэ ныкъуэкъутэхэм щІэсхэр ІэнэпхъуэныжьмкІэ федеральнэ программэм.

Руставели и уэрамым асфальт тралъхьэнущ

«Руставели и уэрамым и ипщэ Іыхьэм щыпсэухэм я щІэкІэ лъэІукІэ зыныфхузогъаз ди уэрамыр зэгъэпэщыжьыным теухуауэ. 2006 гъэм мыбы лэжьыгъэ зыкъом щрагъэкІуэкІащ, уэрамыр зэрагъэпэщыжащ. Кьэнар асфальт тралъхьэжьну арат. Аущ, ди жагъуэ зэрыхьущ, Іуэхур и кІэм намыгъэсу техникэр зэщІакьуэри Іуащыжащ. Налшык щыгъэжапІэр ныкІэщыпІэкІэ зэрагъэпэщыжьыну кьапэщыту жаІэри. АтІэ дэ адэкІэ тщІэнур сыт? Асфальт тралъхьэн хуейуэ кьэнэжар уэрамым и ипщэ Іыхьэм хуэзэ метр 500-рэ. А хьэблэм ящхьыбэу щыпсэуф ныкъуэдыкъуэхэрщ, фызабэхэрщ, сабий куэд зиІэ унагъуэхэрщ».

Джулабовэ Л., *Налшык къалэ.*

Жэуап кьрет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ **Хьэмгъокъу Л.:**

- Уэрамым щыщу зыхуэфащэ Іыхьэхэм асфальт трильхьэжьну щыпІэ администрацэм къалэн щищІащ мы зэманым ЕтІуанэ Тамансхэ дивизэм и уэрамыр зэзыгъэпэщыжь подряд ІуэхущапІэм. Абы и уэжькІэ жыларуэу транспортыр зэрызекІуэ щыкІэри ягъэтэмэныкьынуц. Мы Іуэхур Налшык къалэм и администрацэм и нэІм щІэтщ.

Прохладнэ муниципальнэ районым, Прохладнэ муниципальнэ районым и жылагъуэхэм я щІыпІэ самоуправленэм и лЫкІуэ органхэм я депутатхэр хэхьныжькІэ Прохладнэ муниципальнэ районым и хэхакІуэ комиссэм, Прохладнэ муниципальнэ районым и жылагъуэхэм я муниципальнэ хэхакІуэ комиссэм я полномочиехэр Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м Налшык къалэ №15/1

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэхэм я лъэныкъуэкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжькІэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыжьмкІэ шэсапІэ нэхьыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 2-м , «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Іыхьэ 4-м, Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ муниципальнэ районым и жылагъуэхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и советхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм зэрызыкьыхуагъэзам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ:**

1. Прохладнэ муниципальнэ районым и хэхакІуэ комиссэм, Прохладнэ муниципальнэ районым щыІ Алтутэ куэджэ жылагъуэм, Благовещенскэ куэджэ жылагъуэм, Дальнэ куэджэ жылагъуэм, Екатеринградскэ станицэ куэджэ жылагъуэм, Заречнэ куэджэ жылагъуэм, Краснасельскэ куэджэ жылагъуэм, Кьэрэгъэш куэджэ жылагъуэм, Малакановскэ куэджэ жылагъуэм, Ново-Полтавскэ куэджэ жылагъуэм, Прималкэ куэджэ жылагъуэм, Приближнэ станицэ куэджэ жылагъуэм, Пролетарскэ куэджэ жылагъуэм, Псынщокъуэ куэджэ жылагъуэм, Советскэ куэджэ жылагъуэм, Учебнэ куэджэ жылагъуэм, Солдатскэ станицэ куэджэ жылагъуэм, Ульяновскэ куэджэ жылагъуэм, Черниговскэ куэджэ жылагъуэм, Янтарнэ куэджэ жылагъуэм я муниципальнэ хэхакІуэ комиссэхэм Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Алтутэ куэджэ жылагъуэм, Благовещенскэ куэджэ жылагъуэм, Дальнэ куэджэ жылагъуэм, Екатеринградскэ станицэ куэджэ жылагъуэм, Заречнэ куэджэ жылагъуэм, Краснасельскэ куэджэ жылагъуэм, Кьэрэгъэш куэджэ жылагъуэм, Малакановскэ куэджэ жылагъуэм, Ново-Полтавскэ куэджэ жылагъуэм, Прималкэ куэджэ жылагъуэм, Приближнэ станицэ куэджэ жылагъуэм, Пролетарскэ куэджэ жылагъуэм, Псынщокъуэ куэджэ жылагъуэм, Советскэ куэджэ жылагъуэм, Учебнэ куэджэ жылагъуэм, Солдатскэ станицэ куэджэ жылагъуэм, Ульяновскэ куэджэ жылагъуэм, Черниговскэ куэджэ жылагъуэм, Янтарнэ куэджэ жылагъуэм я щІыпІэ самоуправленэм и лЫкІуэ органхэм я депутатхэр хэхьныжькІэ Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм етын.

2. Мы Унафэр цІыхубзэ щхьабгъэщІэ ІэхуэщапІэхэм кьыщытедгэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ТІПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириня

● Фэеплъ

70-80 гъэхэм, ди республикэм нартыхуэ хьэмбырэбоу кьыщрахьэлІащ. Зы щыщыгъэ зэманым, хадэхкІ бэв кьыщагъэкІырт Псыгуэнсу кьуажэм. Уеблэмэ Аруан районым и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыпэр щызыІыгъхэм яущыт. Ар ирохьыбэу зи фІыщІэри хадэхкІ бригадэм и унафэщІ Шэрыпхъэ Хьэсэт. Зыныбгъуэ фІэтелъджэу, абы кьыдэхъурт нанэ, помидор бгъуэ...

ПАСЭдыдзу, щІалэ цІыкІуэ Хьэсэн губгъуэм имыхьэу хьуащ. НэгъэщІ Іэмал иІэтэкъым - и бзуэм зыгъэм хжІэугъэ, кьыдалъхуэ и щынэхьыщІэхэмрэ и щыпхъэ цІыкІумрэ кьэгъэтэджкІ хуейт. Езырат сабийхэм я нэхъыжьыІэри, и анэм кьуэуващ.

- Си дэлъхуэм и гъащІэр кьыгтеубГыуаеу ихьащ, - игу кьегъэкІыж Хьэсэн и щыпхъэ Феня. - БалигъыпІэ диувэхун, унагъуэ зырыз дыхьэхун, зыдужьыхуи и нэІэ тгригъэкІакьым. Ди анэм зэрыхуэсакьыу щытар-щи! Ар псальэкІэ пхужьмыІэным хуэдизи.

Ильэс 33-кІэ хадэхэкІ бригадэм щыІащ Шэрыпхъужьыр. Колхоз правленэм зэман кІыхькІэ хэтащ, кьуажэм сыт хуэдэ Іуэхугъуэ щекІуэкІми, хэпльфыхьащ. ЗэрылъэкаКІэшхуэм и закъуэтэкъым абы хьэблэми жьыгми пщІэшхуэ кьыщІыхуащІыр, чэнджэщэгъу щащІыр. Ар лЫ зэтетт, жумартт, дэІэпыкьуэгъу хуэныкьуэ цІыхур зэи утыку кьринэнутэкъым.

- Жэщ щагъуэ дэкІыртэкъым ди унэм щыху щІэмыку, - жеІэ Хьэсэн ипхъу Людэ. - Ди адэм цІыху фІыуэ ильагъурт, ныбжьэгъу и куэдт. И закъуэ тІысу щыхфынутэкъым. Губгъуэм іэжьыгъэ имылтыжу щыдэ мазхуэхэм, уэрамым и щІыхэгъэ гуэр ирикІуэ ильэгъуамэ, ныбджишэри щэджагъуашхэ дищІырт.

- Шэрыпхъужьмрэ щІэшхуэ эрпІэм и щІыхьэтщ кьуажэм щыІэм хьыбарыщІэхэмрэ жылагъуэ эпльыфныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **КІасэ Маринэ.**

Адэкіэ советыр хэпльащ я сатырхэм кьыхьыхьну гуэныдзэк зыщІа партэхэм, зэгухьэныгъэхэм я лъэІухэм. Вэрокъуэ Владимир кьыхьыхьащ, адрейхэри абы арэзы техьуащ идкьыкІэ советым и гъэхьагъэ езы гупым зэтрадублэмэ, я кьалэн нэхьыщхьэхэр яубзыхумэ нэхъ тэмэму. «Ди лэжьыгъэм кьигъэлъэгъэнщ советым кьыхьыхьэхэр, зэфІэтхьнуІэхэмкІэ сэбэп кьытхуэхьунуэр икІи Іуэхум демыпІэщІэкІмэ нэхъ тэмэмщ», - жиІащ Вэрокъуэм.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ зэман гъунэгъуэм я лэжьыгъэр нэхъ зытрагъэщІапхъэу кьальытэхэм. «Советым хэтхэм гулытэ нэхъ зыхуащІыпхъэу си гугъэщ идкьыпсту техьуащ идкьыкІэ советым и гъэхьагъэр езы гупым зэтрадублэмэ, я кьалэн нэхьыщхьэхэр яубзыхумэ нэхъ тэмэму. «Ди лэжьыгъэм кьигъэлъэгъэнщ советым кьыхьыхьэхэр, зэфІэтхьнуІэхэмкІэ сэбэп кьытхуэхьунуэр икІи Іуэхум демыпІэщІэкІмэ нэхъ тэмэмщ», - жиІащ Вэрокъуэм.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ зэман гъунэгъуэм я лэжьыгъэр нэхъ зытрагъэщІапхъэу кьальытэхэм. «Советым хэтхэм гулытэ нэхъ зыхуащІыпхъэу си гугъэщ идкьыпсту техьуащ идкьыкІэ советым и гъэхьагъэр езы гупым зэтрадублэмэ, я кьалэн нэхьыщхьэхэр яубзыхуэ ящІыр. Ар ирагъэкІуэкІащ республикэ милицэм и унафэщІ Томчак Юрий.

ПСОРИ зэдзэрэзыуэ советым и тхьэмадэу хахащ «Налшык» НОТР телекомпаниер, КъБР-м Щэнжабзэмкіэ и фондым я унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир,** абы и кьуэдзэщ КъБР-ми Президентым и дежь Граждан жылагъуэ институтэм зегъэужьыныгъэ щІыхьэхэм я хуитныныгъэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Беппаев Суфян**, советым жэуап зыхь и секретарым и кьэлэнхэр зэрыпытащ щащащ Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м хьэщІэ лъапІэ кьэкІуаму, «Уэлэхьи, Хьэсэн дежьм ар гъэхьэщІа щыхъунур» жаІэу, абы и унэм ирагъэблагъэу зэрыщытар. Джэгушхуэ иращІэкІыу абы и лъапсэм щагъэхьащІащ космонавт Быковскэр, Осетие Ищхьэрэм и Іэтащхьэ Кабалоевыр. Ди республикэм и лЫщхьэ щыта Мэлбахьэу Тимбэри я унагъуэм мыз»-мытІэу ерыскьыкІ кьыщцхуэІэтащ.

- Хьэсэн хуэдэ щІыху гъэутыгъуейт, - игу кьегъэкІыж звеновод щІрыІуэу щыта Вэрыкъуэ Киэкэ. - Абыеро сэрэ ильэс мащІэкІэ дыздэдлэжьа! ФІэлЫкІ и Іэт, и псальэм зы мэскьалкІэ дебжьэщжьхуэпІэр ди гущхьэ кьэдгъэкІыртэкъым. Жылэр жейуэ, кІыфІ гъэхту кьэтэджкІэти. ЩыхтУ губгъуэм дишырт. Хуабжьу хьмызагъэ, гущІэгъуэлЫт, псэ хьэлэд иІэт...

Хьэсэн сыт щыгъуи и щхьэр лЫагъэ ильагъужьрт кьыдалъхуахэм, абыхэм кьащІэхъуэжахэм яфІ щыІэхихкІэ. Езым кьыкІэтлъыкІуэ Іуэес егъэджакІуэ Іэтэт, кьуажэм, районым фІыуэ я кьыщащІыхурт, ихьащІэ дыдэр, Анатолэ, республикэм псом щыцІэрыІуэт - Музтеатрым, абы и уэжькІэ Гуащэ театрым я режиссер нэхъыщхьэу эзманыфІкІэ лэжьат. И щыпхъэ Фени кьуэдзэхэм щІэ кьыгъэрыхуащІым, дохутыр Іуэз кьыхэзрыхьэкІам иригушхуэрт.

… ИльэспиІ мэхъу Хьэсэн дунейм зэрехьжрэ. Псэужамэ, щэкІуэгъуэ мазэм абы и ныбжьыр ильэс 80 ирикъунут. Лжьыгъэшхуэ зэрэгъэхьар. ГуащІэдэкІым и Бэракъ ПлЫжь орденыр кьыхэрыратар, «ЩЫхьэзиІэ колхозхэт» щІэр кьыхэрыфІащар кьалъытэри, ар щыпсэуэа унэм и блым иджыблагъэ фоепль пхъэбгъуэ кІэрыгъэкьащ. Шэч хэмылъу, я адэм и дуней тетыкІам, лЫжьжь узынщэ кьыхэрыхэрэнэкІам иригушхуэ хьунущ Хьэсэн и щІэблэр, и Іыхьлы-Іуэлэдэр.

МЫЗ Ахьмэд.

Шэрыпхъужь Хьэсэн и фэеплъ зэІущІэм кьрихьэлІахэрщ.

● ЗэІущІэ

Советым и унафэщІыр Вэрокъуэ Владимирщ

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и дежь кьыщыхэзрагъэпэща Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ и зэчэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ республикэ милицэм и унафэщІ Томчак Юрий.

ПСОРИ зэдзэрэзыуэ советым и тхьэмадэу хахащ «Налшык» НОТР телекомпаниер, КъБР-м Щэнжабзэмкіэ и фондым я унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир,** абы и кьуэдзэщ КъБР-ми Президентым и дежь Граждан жылагъуэ институтэм зегъэужьыныгъэ щІыхьэхэм я хуитныныгъэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Беппаев Суфян**, советым жэуап зыхь и секретарым и кьэлэнхэр зэрыпытащ щащащ Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм хьыбарыщІэхэмрэ жылагъуэ эпльыфныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **КІасэ Маринэ.**

Адэкіэ советыр хэпльащ я сатырхэм кьыхьыхьну гуэныдзэк зыщІа партэхэм, зэгухьэныгъэхэм я лъэІухэм. Вэрокъуэ Владимир кьыхьыхьащ, адрейхэри абы арэзы техьуащ идкьыкІэ советым и гъэхьагъэр езы гупым зэтрадублэмэ, я кьалэн нэхьыщхьэхэр яубзыхуэ ящІыр. «Ди лэжьыгъэм кьигъэлъэгъэнщ советым кьыхьыхьэхэр, зэфІэтхьнуІэхэмкІэ сэбэп кьытхуэхьунуэр икІи Іуэхум демыпІэщІэкІмэ нэхъ тэмэмщ», - жиІащ Вэрокъуэм.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ зэман гъунэгъуэм я лэжьыгъэр нэхъ зытрагъэщІапхъэу кьальытэхэм. «Советым хэтхэм гулытэ нэхъ зыхуащІыпхъэу си гугъэщ идкьыпсту техьуащ идкьыкІэ советым и гъэхьагъэр езы гупым зэтрадублэмэ, я кьалэн нэхьыщхьэхэр яубзыхуэ ящІыр. Ар ирагъэкІуэкІащ республикэ милицэм и унафэщІ.

Томчак Юрий советым хэтхэм я щІэблэ зэрыгъэгъуэтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Промышленность псынщІэ

Гуп зэкъуэт

Прохладнэ районым щыІэ «Дэрбэзэр фабрик» ОАО-р щІэрыщІэу кьызэрагъэпэщыжа, нэрылагъуэу зызыужьыжьырт предприятэщ.

Мазэ кьэс продукцэ хьэзыру мин 200-м щІигъу кьыщІэзыгъэкІ цеххэм нобэ щолажьэ щІыху 600-м нэблагъэ. ЩІэупщІэшхуэ яІэщ абыхэм яд сабий, ныбжьыщІэ щыгъынхэм: куркэхэм, комбинезонхэм, футболкэхэм, спорт костюмхэм, нэгъэуэщІхэм. Нэхъапэхэми хуэдэу, фабрикэм и продукцэр кьэралым и дэнэ щІыпІи куэду щащэ. Предприятэр ящыщщ «Урысейм и хьэпшыпэ нэхъыфІ 100» зэпеуэм щытекІуэхэм, фІагъымкІэ республикэм и Президентым и саугъэтыр зыхьэтщащэм.

«Дэрбэзэр фабрикэ» ОАО-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленность псынщІэм и предприятэ нэхъ пашэ дыдэхэм хабжэ. Фабрикэм щолажьэ республикэм и жылагъуэ 17-м щыщ дэрбэзрэзр.

Абыхэм я процент 70-р щІалэгъуалэщ. Предприятэм щыхухэм Іэнатіэ ярет, улахуэр и чэзум яІэрегъэхьэ, хуэныкьуэхэм ядоІэпыкьу, кьыхэжаныкІэр егъэгушхуэ.

ЗЕЙ Гъэзер.

Нобель и махуэр Швециемэ Іэтауэ щагъэлъапІэ. Ильэс кьэс а махуэм Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфащэхэм щратыж зэІущІэшхуэ Стокгольм щокІуэкІ.

ЗИ ГУГЪУ тщІы саугъэтыр Нобель Альфред 1895 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м зэхигъэва уэсрт тхьылъым кьызэрыщыгъэльэгъуам тету ягъэш. Физикэм, химиемэ, физиологием, медицинэм, литературэм ехьулІэныгъэ щызиІэхэм, дунейр мамыру щытыным зи гуащІэ хэзыльхьэхэм папщІэ.

Нобель Альфред Бернхард (1833-1896 гъэ.), швед инженеру, кьэхутакІуэу икІи промышленникыу щытащ. Иужьрейуэ кьигъащІа ильэсхэр псапащІэ Іуэхум тригъэкІуэдащ Альфред. Ар зи лъагъуэр гъащІэм щыхэзыш ныбжьыщІэхэм ядэІэпыкьурт. Дунейм ехьыжьыным кьэдимыІэжу, абы и мылъкур фонд щхьэхуэм хилъхьащ, сэбэп зыпылъ Іуэху дунейм щызыІэжьа щІыхуэм ильэс кьэс ахьшэ бжьыгъэ гуэр саугъэтыр яхухихьн хуейуэ уэсрт ищІри.

Нобель 1896 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Сан-Ремо (Италие) щыІащ. Абы кьигъэна уэсрыр 1900 гъэм ягъэзэщІащ: фондым и уставыр швед парламентым зэхигъэващ. Абы ІэнадзэрэНобель и Фондыр – швед кронэ мелуан 31-рэ хьу пэщІэдзэ мылъку зыхэлъ, щхьэзэкъуэ, зыми и унафэ щІэмыт, мыправительственнэ организацэщ.

Ямэ Нобель саугъэтыр щаратар 1901 гъэрщ. 1969 гъэм щегъэжьауэ швед банкым и жэрдэмкІэ а саугъэтым и унэтІыныгъэхэм иджыри зы къаохэсъуащ - экономикэр.

Саугъэтыр зыхуэфащэхэр кьыхэзыхыр Нобель и фондракъым, атІэ унэтІныгъэ кьэскІэ щхьэхуэу кьыхэзрагъэпэща нобель комитетхэрщ (зы комитетым щІыхуитху хэтщ).

Нобель саугъэтыр зыхуагъэфащэхэм щратыж мазэщІ-хуэр дыгъэгъазэм и 10-м Копенгагенрэ Ослэрэ щокІуэкІ. ФизикэмкІэ, химиемкІэ, физиологиемкІэ, медицинэмкІэ, литературэмкІэ, экономикэмкІэ саугъэтхэр Швециемэ и пащтыкьым Копенгаген дэт концерт гъэльэгъуэпІэм щетыж, Мамырыгъэм хуэхэа саугъэтыр зытыр Норвегиемэ щыІэ нобель комитетырщ. Ар щекІуэкІыжОслэщ. Норвегиемэ и пащтыкьымрэ абы и унагъуэм исхэмрэ хэту. Саугъэтым хохьэ дыщэ медаль, ЩІыхь тхьылъ, ахьшэ.

Фондым хэлъ мылъкур егъэбагъуэ инвестицэ лэжьыгъэхэмрэ псапащІэ хэлъхьэныгъэхэмрэ кьапэкІуэ фейдэм.

2001 гъэм Нобель и саугъэтыр швед кронэ мелуани 10 (доллар 1 мелуан) хуэуэ щытащ.

ШЫПШ Даянэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Котляровхэ я «мыхъур» дахэр

Куэдым къащІыхуу, пщІэ кьыхуащІу псэуащ Котляровэ Николай Василий и къуэр. Ар ящыщт «Советская молодежь» газетыр 1953 гъэм кьыхэзгъэзэкІам. Итлъэ. ІыбжьанэмкІэ гъэкащІа газетым и редакторым и къудзэу. Нэхъ нужьыІуэкІэ, ди республикэм телевиденэ иІэ зэрыхьуу, а гупым хохьэ, нэтын купщІафІэхэр щегъэхьэзыр. Псом хуэмыдэу Николай и гущІэр нэхъыбэу зыхитхьар -Кабардино-Балкарская правда- газетым и дэжьыгъэщ. Ильэс кІуэдкІэ мы газетым щызэзэщІащ жэуапныгъэ зыпыть Іуэхуэр - парт, совет, жылагъуэ гъащІэм теуХуа тхьигъэ хьарзынэхэр щІэх-щІэхьурэ кьытрыригъэдзащ.

А тхьигъэхэм ятетІу пльытэ хэтрыр журналист Іэзэгъэм и «мыхъур» - зытепсэлъыхьэр щыхуфэм и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэт, бзэ щэрыцэкІэ тхат, гупсысэ, гурыщІэ дахэхэмкІэ кьуелат, нэхъыщхьэращи, дерсыфІэт, фІым ухуезыджэт.

Ди жагъуэ зэрыхьунщи, нобэ дэ кьытхэтыжкъым Николай Василий и къуэр. Ауэ доказательствэ щІыпІэ, абы и пхъэ Виктор, и адэм и лъагъуэм ирикІуэрэ, зэфІэкІ зиІэ журналист, тхакІуэ ГъуэзэджэкІуэрэ. Виктор и кьалэмыпэм кьыщІэкІэхэми ятету кьысщохьу зи гугъу сшІа «мыхъурыр» - ахэр зэмыдІэужьыгъуэщ, купщІафІэщ, ди щІыналъэм и тхьцІэм, щыху гъэрытэм, тьэпкьхэм я зэпыбжьугъэ. ПлЫжьым хуэуэ нур, макъамэ тельыдджэхэмкІэ гъэнщІауэ.

Си гуапэу сопсалъэ Виктор.

- Сэ гъэпсыгъуэщ КъБКъУ-р кьыхэзрыбухам, «Советская молодежь» газетым япэ щІыкІэ корреспондент, нэхъ нужьыІуэкІэ редакторым и къуэдзэу уэзрыщІэзжьам. А зэманым уиІа журналист іэжьыгъэхэм ящыщу сыт хуэдэхэра нэхъыщІу кьохъуІауэ кьэпсыгъэр?

- Комсомольм и тхьдэм теухуауэ дэфтэр зыкъом зэхуэсхьэри, тхьылъитІ кьыдэзгъэкІат, «Юностри горячие сердца», «Строим страну - строим себя» ифІэсщри. А гъэжьыгъэхэр хъарзынэу кьызэхуІуІауэ кьаІытэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и сагъэтІыр кьызатауэ щытащ. ПщІы зэмылтУ, гурэ псэкІэ сегугъу згъэхьэзырат а тхьылъхэр. Нобэ «комсомол» гъэсагъэ щІалэхэр зэрыщІыжри си жагъуэщ. Зэманым кьигъэльэгъэнщ а щІалэгъуэ зэгухьэныгъэм и Хэкур дяпэкІи зэрыхуеинур. Зи гугъу щІа тхьылъэр зэхъ зытеухуар Хэку зауэшхуэм и пэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым зэфІитыжьа Іуэху щхьэпэхэщ. ФІыуэ сІыгъурт очерк жанрыр. Тхьигъэ ІэшкІэ си кьалэмыпэм кьыщІэкІат еджэным, лэжьэным щыпашэ щІалэ, хьыджэбэхэм ятеуХуаеу.

- Журналисту лэжьэн щІэзыдзэхэм ящыщ куэдыр тхакІуэ мэхъу. Сыт хуэдэ щыкІэмэ уХуэкІуа а ІэщІагъэм?

- Сэ зиІыныІэ сыдзэхьэкІ. Сыт хуэдэ художественнэ тхыгъэщІ. Си япэрей рассказэр ихуат «Перепутье» зыфІаща сборникым. Ильэс ситІ дэкІри, 1978 гъэм, дуней кьытехьащ си япэрей тхылъыр, рассказ зыбжанэрэ «СитуацИя» повестымрэ зэрытыр. Сытыт а зэманым нэхъ сызыгъэпІейтейр? Интеллигенцэр гъащІэм дахэ-дахэу зэрыхэмызагъэрт, зэрыкъаруушэрт, жэрдэм зэрахэмылъырт. А темэ дыдэр щыщыкІэтри, щапхъэ ЇупщІэмкІэ щызгъэбелджьылат «Место и действие» зыфІэща повестми. Публицистикэ гъэжьыгъэфІу собж «Инстинкт преследования» тхылъыри. Абы тегъэщІапІэ хуэхъуат ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм щекІуэкІа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр. Тхылъым кьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу кьыхэзгъэщат щапхъэ мыхъумыщІэ зыгъэтьагъуэ кьулыкъуэхьэхэм я щІэ-унэщІэхэр. Ар зыгуэрхэм, дауи, ягу ирикьытэкъым. СатэшІынэну, си кьалэмыр хьифІызагъэдзэну хущІэкъуахэри щыІэщ. Ауэ абыхэм сакьыхуикІуэтакъым. Си Іуэху епльыкІэхэри схъуэжакъым.

- ЗэрыжаІэщи, гугъуехьхэм уапсыхьащ. Уи псалъэм кьыхэзгъэщыпхъэ сыхуейт. Виктор, мыхьэнэщхуэ зиІэ ныбтьытэ, уи гъэжьыгъэхэм заубгъуэнымкІэ кьыпхуэхьэпа Іуэхугъуэхэр.

- Ахэр зыкъом мэхъу. Къэбгъэльагъуэмэ, сэбэпщхуэ кьыхсухэуащ бгъущІ гъэхэм «Эль-ФІ» тхылъ тедзапІэр кьызэрыззэгъэпэщар, сызыхуейт литературэр кьыдэзгъэкІыну Іэмал зэрыщІэгъуэтар. Си анэ Марие тхыдэмкІэ егъэджакІуэти, фІыуэ сигъэльэгъат ди блэкІам пыщІа Іуэхугъуэхэр джыныр. Апэ дыдэу кьыдэзгъэкІыу сызыхуежьари Кавказым и кьекІуэкІыкІам теуХуа тхылъхэрщ. ІкІи Гъэм «Политиздат» и Іэтащхьэ тедзапІэр ззэгъэгъуэтащ. «Эльбрусым фІэщыгъэ журнарри урысыбзэкІэ кьыдзэгъэкІыу щІэздзащ. Дауи, сэркІэ ІуэхуэмкІ ямагъуэ сызэрихьуар. Си щхьэгъусэ Марие сэбэп ин кьысхуохьу си лэжьыгъэмкІэ. Ар езыри тхакІуэщ. Ди Іуэхугъэ щІэзыдзэ. Ди Іуэхугъэ ящыщ. Ди къуэрэ зыпхъуэрэ диІзщ. Си адэм и фэеплъ, щІалэм Николай фІэтщащ. Мы зэманым «Диксис» зи фІэщыгъэ телефон сетым щолажьэ. Ди щхьэгъэ Аннэ ФІы дыдэу кьинхащ ГъэузджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ институтыр. Идыкьпсту Москва щыІэщ, абы щыІэзыкьыу и журналистикэм и факультетым щыІэ щхьэпапэу собж. Си гъэжьыгъэм ехьэлІауэ жысІэнщи, Марие ирагъэкІуэкІащ кьыдэзгъэкІыну Дунейм ехьыжьыным щІэзыдзэхэм я щІэблэ ди уней тхылъ тедзапІэ диІэ зиІэ зрыхьуар. Ину дышоугуфІыкІ кьыдэзгъэкІ тхылъхэм ящыщ дэтхэнэри.

- Ильэс 15-м щыІэгъуэу Марие уэрэ тхылъ тедзапІэ фыщІэкІэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, тхылъ зэмылІэужьыгъуэ куэд кьыдэзгъэкІащ. Абыхэм уахэпІэжмэ, нэхъ іэжьыгъэ пІащэу, хьэлэмэту, дерсыфІэу кьыпІытыз хуунуэр сыт хуэдэхэра?

- БжьыгъэкІи кьэсІуэтэфынущ ди лэжьыгъэр зыхуэдэр. Ауэ, дауи, тхылъу кьыдэбгъэкІым я куэдагъракъым пщІэрэ нэмысрэ нэхъ кьыпхуэзэхьхьнур, атІэ ахэр зыхуэ-

Дунейм пщІэшхуэ щызыІэ саугъэт

● Гукъеуэ

Налшык къалэр нэхъ дахэ, зэтъыІуха, псэм нэхъ къехуэбыІэ зэрыхъуам теуХуауэ куэд жыдоІэ. Ар икІи пэжщ. Сыт и уасэ уэрамхэм, жыг хадэхэм хагъэува тетІысхьэпІэ дахэхэр!

Нэхъыжьхэм загъэпсэхуну егІысэхьнуми, щІалэгъуэхэм уэршэрпІэ ящынуми, кьалэр зымыщІыхум мыпІащІэу зипльыкьу щысынуми хъарзынэтэхэ адэ-мыдэкІэ куэду тетІысхьэпІэхэр зэрыщагъэувар. Арщхьэкіэ а дахагъэр, тыншыпІэр зигу темыуа, кьалэ уиф-фэщІхэм я лэжьыгъэм мыхьэуэ «теІэзэщІыхьнм» хуейуэ кьэзыІыпльа зэрыщыІэр мы сурэттех Къарей Элинэ щыгъэриха тепльэгъуэхэм щыводгъагъу тетІысхьэпІэхэм иращІэр. Зэракъуэтар яфІэмащІэу, тетІысхьэпІитІ псыугъ щыкІуэм хадзауэ хэущІы, хэущІы хьаужь.

Зым ищІыр адрейм икъутэкмэ, дэнэ уздынэсщыфынур? Редакцэм кьыбгъэдэкІыу адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ дыбыІоныу: ди унэм хуэдабзэу ди кьалэмэ дыщІэсхьын зэрыхуейм теуХуауэ щІэбгъэм фепсатъэ. Кьалэр псоми кьыддалъагъу ди унэщ.

ЗЕЙ Гъэзер.

● Дыгъэгъазэм и 10-р Нобель и махуэщ

Дунейм пщІэшхуэ щызыІэ саугъэт

ехьыжьным кьэдимыІэжу, абы и мылъкур фонд щхьэхуэм хилъхьащ, сэбэп зыпылъ Іуэху дунейм щызыІэжьа щІыхуэм ильэс кьэс ахьшэ бжьыгъэ гуэр саугъэтыр яхухихьн хуейуэ уэсрт ищІри.

Нобель 1896 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Сан-Ремо (Италие) щыІащ. Абы кьигъэна уэсрыр 1900 гъэм ягъэзэщІащ: фондым и уставыр швед парламентым зэхигъэващ. Абы ІэнадзэрэНобель и Фондыр – швед кронэ мелуан 31-рэ хьу пэщІэдзэ мылъку зыхэлъ, щхьэзэкъуэ, зыми и унафэ щІэмыт, мыправительственнэ организацэщ.

Ямэ Нобель саугъэтыр щаратар 1901 гъэрщ. 1969 гъэм щегъэжьауэ швед банкым и жэрдэмкІэ а саугъэтым и унэтІныгъэхэм иджыри зы къаохэсъуащ - экономикэр.

Саугъэтыр зыхуэфащэхэр кьыхэзыхыр Нобель и фондракъым, атІэ унэтІныгъэ кьэскІэ щхьэхуэу кьыхэзрагъэпэща нобель комитетхэрщ (зы комитетым щІыхуитху хэтщ).

Нобель саугъэтыр зы

● Пшыхьхэр

Батыр Мухьэдин ягъэлъапIэ

КъБР-м щIыхь зиI э артист, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ пажэхэм ящыщ Батыр Мухьэдин и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъур Налшык щагъэлъапIэ.

УЭРЭДЖЫПАКIУЭ цIэрыIуэм и пшыхьыр кьыз эIуахащ Батыр Мухьэдин кьызэджэ усэхэмкIэ, оркестрым ящыщ зэщIэ макъамэ дахэхэмкIэ. Iэгуауэшхэм щIэту Iупхьуэхэр кьызэIуахри, утыкум кхоъьэ зи махуэр ягъэлъапIэ уэрэджыIакIуэр. Театрым и концертмейстер нэхьыщхьэ **ЩIэтыкIуэ Заур** пианинэм еуэу Батырым игъэзэщIащ урыс романс зыбжанэрэ Фигаро и арием щыщ пычыгъуэмрэ («Фигаро» опер э).

Концертыр езыгъэкIуэкIа **Гумэ Маринэрэ Кьумыкьу Мухьэдинрэ** адэкIэ кьэпсэлъапIэм кьрагъэблагъащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министр **Тут Заур**.

- Уэрэд жыIэнкр Iэщ Iагъэ зыхуэхъуахэм кьытщыщ ди ныбжьэгъум и махуэ лъапIэмкIэ си гуапIэу сохъуэхьу, - жиIащ Тутым. - Кьыхэзэгъэщыну сыхуейщ Мухьэдин и зэфIэкIым хуэдэ зыбгъэдэлъ уэрэджыIакIуэ гъуэзэджэ Урыс ди республикэми Урысей псоми зэрыщымыгъуэтынур. Абы зэхуэдэу гъуэзэджэу кхоъьуIэ адыгэ уэрэдхэри, урыс романсхэри, классикэри. Илъэс щэ ныкъэр мащIэкъым, ауэ академическэ уэрэджыIакIуэм зэфIэкIыр нэхъ убгъуауэ кьыщызэкъуих лъэхъэнэщи, ар купщIафIэу къэбгъэсэбэныфыну, узыншагъэ быдэ уиIэну ди гуапIэщ.

Тут Заур юбилярым иритащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм кьыбгъэдэкI Щ1ыхь тхыдъ икIи кьыхигъащIащ «КъБР-м щIыхь зиI э артист» щIыхьыщIэр абы куэд щIауэ зэрызэрихьэр, дяпкIэ дамытэ нэхъ лъапIэжхэмкIэ и цIэ кьраIуэну зэригуапэр.

Налшык макъамэ училищэм щыщIэсам Батыр Мухьэдин вокалымкIэ и яп эгъэджакIуэу щытар Кьуэдзокъуэ Владимири, Римский-Корсаковым и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт кьэрал консерваторэм Батырыр щыщIэсам абы зыщигъэсащ цIыхубэ артистхэ Серваль Нинэ и деж. 1989 гъэм елджапIэ нэхъыщхьэр кьнухри, Мухьэдин Музыкэ театрым дзэжэн щыщIидзащ. А пIалъэм кьриубыдэу уэрэджыIакIуэ щIалэм репертуар хьарзынэ иIэ хьуащ, оперэ, опереттэ, макъамэ комедие зыбжанэхэм роль зэмылIэужьыгъуэхэр щигъэзэщIащ, и уэрэд жыIэкIэмкIэ щIыхь зыуэ ящыщ Молэ Владимир итха «Кьамботрэ Лацрэ» оперэмкэм хэт Кьамботр и ариер. А оперэм щыщ пычыгъуэ кьыщагъэзэрыгъуэм зи махуэшхэр ягъэлъапIэ Батырым щIыгъуу утыкум кьихьащ Музыкэ театрым и солист пажэхэу, КъБР-м щIыхь зиI э артистхэу **Дэбагъуэ Хьасэ, Щэрджэс Iсэнат,** УФ-м щIыхь зиI э артист **Хъупсырджэн Альберт** сымэрэ театрым и хорымрэ.

Я ныбжьэгъум гуапэу ехъуэхъуу кьызэхуэсахэми гушыIэ дахэкIэ яхуэпсэу утыкум кьихьащ КъБР-м щIыхь зиI э артистхэу **Иуан Владимиррэ** («Льагъуныгъэ письмо») **Кьуныжь Алимрэ** («СыпIэскIуащэрэт»). «Льагъуныгъэм и уэрэд», «УкъыщащIауа махуэр согъэлъапIэ» уэрэдхэр жиIащ КъБР-м щIыхь зиI э артист **Зеушэ Iуубс**. Музыкэ театрым и артисткэ ныбжьыщIэхэу **Мэз Джульеттэ, Нежинэ Маринэ, Мамбэт Мадинэ** сымэ ягъэзэщIа уэрэдхэр юбилярым тыгъэ хуащIащ.

Батыр Мухьэдин и махуэмкIэ ехъуэхьуну утыкум кьихьащ, псалъэ гуапэхэр хужаIащ «Къэббалъкъэлъмыжъуху» ухуакIуэ фирмэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Евгъэжыкъуэ Юрэ**, Иджырей Гуманитар академиемрэ и унафэщI **Атабиев Алий**, КъБР-м, Осетие Ипщэм щIыхь зиI э артисткэ **Кьрым Иринэ**, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, филологие щIэныгъэхэм я доктор **ЦIыпIынэ Асльэн** сымэ. Батырыр къыщыхъуа Къэлъкъуажьи жьлэм дэсхэм кьабгъэдэкIыу къэпсэльащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Ахъуэбэч Анзор**икIи я къуажэгъу цIэрыIуэм шыуанэ зэтель тыгъэ зэрыхуащIыр жиIащ. Дзэлыкъуэ районым щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Махуэ**рэ **Хьэсэн**, «Къэбалъкъщ Iыдагъэ» ОАО-м и унафэщI **Кьардэн Валерэ** сымэ кьабгъэдэкI хьуэхьу тхыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ Батыр Мухьэдин иратыжащ.

Концертыр зэхуащIыжащ КIыщокъуэ Алим и «Адыгэ уафэ, адыгэ щIылъэ» уэрэдыр щIыхуэм я Iэгуауэшхэ макъым щIэту Батыр Мухьэдин игъэзащIэу.

НЫБЭЖЬ Таисэ.



КъБР-м щIыхь зиI э артист Батыр Мухьэдин

Молэ Владимир и «Кьамботрэ Лацрэ» оперэм щыщ пычыгъуэ зэгъэзащIэ Батыр Мухьэдинрэ Щэрджэс Iсэнатрэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэдрэ филологие щIэныгъэхэм я доктор ЦIыпIынэ Асльэнрэ юбилярым иохъуэхьу.

● БэнэкIэ хуит

Хъущт Аслъэнбэч и дыщэ медаль

Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и командэ кьыхэхам Щыгъуэм иджыблагъэ щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм дыщэ медалу 6, жэзуи апхуэдизэ кьыщихьащ. Финалым ди щIалэхэм кьапэщIэта США-м и бэнэкIуэхэм куэдкIэ ефIэкIащ. Ди гуапэ зэрыхъущи, УФ-м и щIыхьыр ихъумэу зэхьэзэхуэм хэта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэн Хъущт Аслъэнбэч килограмм 96-рэ зи хьэлъагъэм я деж бжьыпэр щиубыдащ, дыщэ медали кьихьащ.

ДИ КОМАНДЭМ и тренер нэхьыщхьэ Когуашвили Гоги журналистхэм зэраригаIмкIэ, ди щIалэхэм дыщэ медаль кьащIауэмыхьар килограмм 55-рэ зи хьэлъагъэ гупырщ.

Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и командэ кьыхэхар Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкIуащ Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщигъэсэну, 2008 гъэм щIыщылэм и 17 - 20-хэм Поддубный Иван и фэеплъ зэхьэзэхуэу Москва щекIуэкIынум зыхуигъэхьэзырыну.

«Зэрызыдгъэсэну пIалъэр зэрызэфIэкIыу бэнакIуэхэр щхьэж и унэ дутIыпщыжынущ. Иужькъ, щIыщылэм и 4-м, Москва щызэхуэсыжынурэ зэгъэсэу зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзырынущ», - кьыхигъащIащ Когуашвили Гоги.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

● Футбол

Рикардэ ЦСКА-м хохьэ

«Спартак-Налшыкым» мы гъэм и гъуащхьауэ нэхъ Iэзэ дыдэ хьуэ Рикардэ Хессус ди командэм эхкIыжащ. ЕтIанэгъэ къыщыщIэдзауэ ар ЦСКА-м хэту дэкIунущ.

ИЛЪЭС 22-рэ зи ныбжь щIалэр мы гъэм Налшык къэкIуауэ аращ. Зэман кIэщIым кьриубыдэу абы фIыуэ зыкьигъэлъэгъуащ икIи премьер-лигэм топибл щыдигъэкIри, «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ нэхъыфI ЖыIащ. КьищынэмыщIауэ, налшыкдэсхэм ящыщу абы и закъуэщ мыгъэрей зэхьэзэхуэм и зэIущIэ псори езыгъэкIуэкIар.

Бразилием кьрашауэ ЦСКА-м хэтщIалэхэм я бжьыгъэр идкьы блы мэхъу.

УЕФА-м и сайтым зэригъэмкIэ, Рикардэ Хессус зыIэригъэхьэн папщIэ, ЦСКА-м евро мелуанитI щIитащ. Ар налшыкдэсхэм кьызэращхъуам нэхъ рэ хуэдищым нэблагъэкIэ нэхьыбэщ.

Балэ Рустам хъужьпащ

Гъатхэпэм и пэщIэдзэ дыдэм фэбжь зыгъэту мыгъэрей зэхьэзэхуэм эмышIыфа, «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхьэмэныкъуэ Балэ Рустам хъужьпащ.

БАЛЪМ идкьыпсту зегъэхьэзыр езым хуэзэхалъхьа программэ щхьэхуэм тету.

Ди жагъуэ зэрыхьущи, нэгъабэрей зэхьэзэхуэми Рустам зэрыхэтар мащIэ дыдэрэщ. Зэ фIэкIа мыдзэгъуэу фбжь игъэтри, ар кIыхьу хъумэджащ. Дыщыгъуэнщ дызыхуэкIуэ илъэсым Балэм и зэфIэкIхэмкIэ дигъэгуфIэну.

Зыри залымыгъэкIэ яIыгъынукъым

Премьер-лигэм зэрыхэтрэ ди командэм папщIэ топ нэхъыбэ дыдэ - 9 - дзэзгъэкIа Пилипчук Сергей «Спартак-Налшыкым» мыгувэу зэкIыжынущ.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэр ияха иужькIэ, «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэм абыкIэ хьыбар яригъэщIащ Сергей. Абы ди командэм ирищIыла контрактым и пIалъэ мы мазэм икIащ икIи украин щIалэм зыхьхьэн гуп кьелъыхьэ.

- Пилипчук ди командэм куэд дыдэ кьыхуищIащ икIи абы зэкIыжынырэ зи жэрдэмыр езыращ, - къыджиIащ «Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и генеральнэ директор Балэ Владимир. - Дэ залымыгъэкIэ зыри тIыгъынукъым икIи ди гуапэщ IуэхурефIэкIуэну, гуапэу икIи дызэхуэарэзыуэ дутIыщыжынущ.

Пилипчук Сергей щалъхуа икIи топ джэгун щыщIидза Украинэм игъэзэжыну хуагъэфащэ. Урысейм и нэгъуэщI командэ гуэрым кьыщыщIидзынкIи, нэхъыфI имыгъуэтэмэ, Налшык кьигъэзэжынкIи хъунщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Хъыбарыфl

Нэхъыфlхэм - мелуан

«Урысейм и еджапIэ нэхъыфIхэр» зэпеуэм хэтауэ ди республикэм щыщу сом мелуаныр зыхуагъэфащэхэм ящыщщ Iэрч куейм хьыкъ Урожайнэ къуажэм дэт курыт еджапIэр.

Зыхуей-зыхуэфI Iэмэпсымэ куэдым кьыхуэхъ кьуажэ еджапIэхэм я дежкIэ зэуэ апхуэдизу мылъку кьаэхэхъуэным иIэ мыкъэнкIэ кьэпльэгъуэщIу.

Школым Iэмал игъэтащ зыхуэныкъуэ куэд кьищэхуну. ФизикэмкIэ, биологиемкIэ, химиемкIэ лабораторие лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ зыхуеину псори классхэм щIагъэуващ, компьютеру яIэм щIэуэ 3 кьыхагъэхъуащ. ПэщIэдзэ классхэм щеджэхэм папщIэ математикэмкIэ, урысыбзэмкIэ, адыгэ, урыс литературэхэмкIэ таблицэщIэхэр кьащэхуащ. Зыхуеину псомкIи кьызэрагъэпэщащ спортзалри, уеблэмэ стIолышхьэ теннисри абы хэтыжу. Школым щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр зэрытрахьи видеокамерэхэри школ мылъкум кьыхагъэхъуащ.

ТОХЬУТЭМЫЩ Ланэ.

● ЗэIущIэхэр

Нэхъыжьхэм я щапхъэм тету

Жыжьэу дызэIэбэкIыжмэ, 1929 гъэм кьэралым нубзыуа ГОЭЛРО-м ипкъ иткIэ Бахъсэн и Iуфэм щаухуэу щIадат Совет Союзым и яп гидроэлектростанцэхэм ящыщ Бахъсэн ГЭС-р.

Ухуэныгъэм хэтыну Урысейм и адрей щIыналъхэмэ кьикIат щIалэгъуалэ куэд. Абыхэм яхэтт футболым дихьэххэри. Абыхэм я фIыгъэкIэ ГЭС-м и стадионым тонджэгу командэхэр кьыщыкIуэхэу ГЭС-м и стадионым тонджэгу командэхэр кьыщыкIуэхэу икIи нобэр кьыздэсым, яп ита нэхъыжьхэм я щапхъэм тету, мы спорт лIужьыгъуэр куейм тепщэн щыхьащ. Абы и щыкъэтщ «ХьэтIохьущокъуэ фIащауэ иджыри зы гуп кьызэрызэрагъэпэщащ. Зэман кIэщIым кьриубыдэу абыхэм бжьыпэр щыбыдащ Бахъсэн районым икIи абы Iэмал кьариташ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым и яп э гупым хэту джэгу.

Мы Iуэхум иращIэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтыну къратхьэлIэгъат район тонджэгум зи эфIэкI хэзыльхьа, спортым и ветерансхэу Жэмбей Аслъэнбий, Тесаевэ Мурадэ Борисэ, АфIэщIагъуэ Юсуп, ПщыгъэтIыж Хьэсэн, Зураб Хьэсэн, Архэст Iэбу, Кьардэн Мухьэдин сымэ. Нэхъыжьхэм командэм хэтхэм «ЩIыхь тхылъхэр ираташ икIи ныбжьыщIэхэм лъэIукIэ зыхуагъэзащ ящэу кьэунэхуу илъэс куэдкIэ зэхэта «Энергетикэ-Бахъсэн ГЭС» кьуажэ футбол командэм кьыдзэгъэгурыкIуа хабзэ дахэхэмрэ абыхэм яIа эфIэкIымрэ аджэн пащну.

Тонджэгу командэм хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и федерацэм кьыбгъэдэкIыу тонджэгу фащэхэр, топхэр, Урысейм футболымкIэ и чемпионатым и тхыдэм теухуауэ кьыдэкIа тхылъхэр тыгъэ хуащIащ. ЗэIущIэм хэтахэм папщIэ концерт екIуэкIащ.

"Си бзэ - си псэ, си дуней"

фестиваль-зэпеуэр 2007 гъэм зэрекIуэкIыну хабзэр

● Лъэпкъ Iуэху

Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэхьыфIу езыгъэджэхэр, гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыр нАIуэ кьэзыщIа "Си бзэ - си псэ, си дуней" фестиваль-зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ 2007 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (министрыр Щхьэгъэпсо Сэфарбийщ), "Адыгэ псалъэ" (редактор нэхьыщхьэр Хьэфlыщlэ Мухьэмэдщ), "Заман" (редактор нэхьыщхьэр Агтаев Жамалщ) газетхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэ (Президентыр Дзэмыхь Кьасболэтщ), Кьэбэрдей Адыгэ Хасэ (тхъэмадэр Хьэфlыщlэ Мухьэмэдщ), Алан (унафэщIыр Беппаев Суфянщ) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, "Адыгэ унэ" тыкуэным (директорыр Iутlыж Мэжидщ), ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым (унафэщIыр Емуз Нинэщ), Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым, (унафэщIыр Бгъэжьокъуэ Барэсбийщ), КъБКъУ-м и педколледжым (директорыр Байчекуевэ Нинэщ), "Эльбрус" тхылъ тедзапIэм (унафэщIыр Ацкан Русланщ), "Iкъыль" ГУП-м (унафэщIыр Шаваевэ Iэминатщ) кьыхалъхьэ.

1. Зэпеуэм и кьалэн нэхьыщхьэхэр

◆ адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ курыт еджапIэхэм зэрыщыщIаужыр егъэфIэкIуэн;

◆ егъэджакIуэ Iэмалхэм я лэжьыгъэм кIэльыплъын, абыхэм фIыуэ, хьэлэмэту кьагъэсэбэп Iэмалхэм псори щыгъуазэ щIын;

◆ адыгэбзэр фIыуэ яIагъуу, я анэдэлъхубзэм кьабзэу ирипсальэу щIэблэр кьэгъэтэджыныкIэ еджапIэхэм, гъэсапIэхэм щекIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн;

◆ адыгэ хабзэм, лъэпкъ щэнхабзэм щIэблэр щIэпыкIын, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр нэхъ зыбгъуауэ кьэгъэсэбэпын;

◆ лъэпкъ еджапIэ, гъэсапIэ нэхьыфIхэр кьэхутэн, абыхэм я лэжьыгъэр щIыхубэ хьыбаргъащIэ IэмалхэмкIэ гъэльэгъуэн;

◆ еджапIэ, гъэсапIэ Iэнатlэхэм я щытыкIэ-псэукIэм жылагъуэм, адэ-анэм, Iу жу зезыхьэ цIыугъэм гу лъегъэтэн.

2. Зэпеуэм хэт хьунущ

Район администрацэхэм егъэджэныгъэмкIэ я кьудамэхэм, кьалэ департаментхэм кьызэрагъэпэща кьэпщытакIуэ гупхэм кьагъэльагъуэ курыт еджапIэ, сабий гъэсапIэ нэхьыфIхэр.

3. Зэпеуэр щекIуэкIкIэ кьалытытэнущ

◆ еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрыщрагъэдж щIыкIэр (урокхэр, программэхэр, планхэр);

◆ районхэ, кьалэ, республикэпсо зэхьэзэхуэхэм еджапIэм и гъэсэнхэм щалэ ехьулIэныгъэхэр;

◆ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрагъэдж пэшхэм я теплъэр;

◆ еджапIэм и библиотекэр зэрырагъаджэ тхылъкIэ, художественнэ литературэкIэ кьызэрызэгъэпэщар;

◆ егъэджакIуэхэм я методикэ лэжьыгъэхэр;

◆ бзэм, тхыдэм, хабзэм теухуауэ еджапIэм щекIуэкI классщIыб гъэсэныгъэ, кьэхутэныгъэ лэжьыгъэр;

◆ адыгэ лъэпкъым кьыдекIуэкI хабзэхэм щIэблэр зэрыщIапIыкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и планхэр, программэ хэр, планшетхэр, альбомхэр, стендхэр.

4. Зэпеуэр зэрекIуэкIыну щыкIэр

Еджапlэ, гъэсапlэ, Iуэхущlапlэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэ курыт еджапlэ, сабий гъэсапlэ нэхьыфIхэр.

5. Зэпеуэр зэрекIуэкIыну унэтIныгъэхэмрэ абыхэм хиубыдэжэмрэ

Ныбжьыщlэхэм я зэпеуэ:

I. Еджакlуэ гупхэм я зэпеуэ:

1. Си бзэ - си псэ

- IуэрыIуатэ;
- Нар эпосыр;
- адыгэ литературэ;
- адыгэбзэ.

2. Дахащэщ ди дунейр

- кьафэхэр;
- усыгъэхэр;
- уэрэдхэр (цIыхубэ, эстрадэ);
- театр теплъэгъуэхэр.

3. Си хэку - си лъахэ

- тхыдэм и лъагъуэхэмкIэ;
- геометрие;
- си лъэпкъыр, си лIэужьыр;
- адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ;
- лъэпкъ нэщэнхэр.

II. Сабий щхьэхуэхэм я зэчинфIагъэ кьыщагъэльагъуэ зэпеуэ:

- "Сэ тхылъ седжэну сфIэфщ" темэмкIэ сочиненэ тхын (8 - 11-нэ кл.);
- "ФIыуэ слъагъу тхылъ цIыкIу" темэмкIэ сочиненэ тхын (3 - 4-нэ кл.);
- "ФIыуэ слъагъу таурыхъ цIыкIу" темэмкIэ сурэт щIын (ар зыгъегъуар кьызыкIэщ тхылъ гъэ кIэщI щыгъуу, 1 - 2-нэ кл.);
- "Iуущцэхэр" - 10 - 11-нэ классхэм щеджэхэр зыхэт акъыл зэпеуэ;
- усэ нэхъыфIу кьеджэнымкIэ зэпеуэ (5 - 7-нэ кл.)

Егъэджакlуэхэм я зэпеуэ:

1. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэр (пэщIэдзэ классхэм адыгэбзэмкIэ предмет щхьэхуэхэр езыгъэдж; класс нэхьыжьхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж; сабий гъэсапIэхэм адыгэбзэр щезыгъэдж).
2. КласщIыб лэжьыгъэ нэхьыфI дыдэр езыгъэкIуэкIар.
3. "Адыгэбзэмрэ литературэмрэ еджапIэм зэрыщрагъэдж Iэмалхэр егъэфIэкIуэн" фIэщыгъэщIэр зиIэ доклад нэхьыфI дыдэр.

6.

Зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэ, къэпщытакIуэ гупхэр

"Си бзэ - си псэ, си дуней" фестиваль-зэпеуэм и екIуэкIыкIэм пыщIа Iуэхугъуэхэр зи пщэрылъ гуп щхьэхуэ яубзыхуащ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ район управленэхэм, кьалэ департаментхэм кьабгъэдэкIыу кьызэгъэпэщакIуэ гупым (комитетым) хуагъэхь:

- зэпеуэм хэтхэм щыщ гъэсапIэ, еджапIэ нэхьыфIхэм я лэжьэкIэм теухуа тхыгъэхэр;
- апхуэдэ гъэсапIэ, еджапIэ Iуэхущlапlэхэм зыужьыныгъэмкIэ я программэхэр;
- егъэджэныгъэм хьыкъ лъэпкъ-щIыналъэ Iыхьэр гъащIэм зэрыхапщэр кьызэрыщIащ видеоматериалхэр;
- методикэ чэнджэщхэр, урокхэр, класщIыб зэрыкIуэныгъэхэр зэрекIуэкIа материалхэр; хьыбаргъащIэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм абыхэм я лэжьыгъэм теухуауэ кьытехуа тхыгъэхэр,
- еджакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я творческэ лэжьыгъэхэр.

Къыдэпэщащкlу гупым хуагъэхь апхуэдэ материалхэр адыгэбзэкIэ тхауэ щытын хуейщ.

Зэпеуэм щытекIуахэр зэрагъэльэпIэну щIыкIэр

"Си бзэ - си псэ, си дуней" фестиваль-зэпеуэм щытекIуахэм папщIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэм ахьшэ саугъэтхэр, тыгъэ Iыхьэ ятыну ягъэуващ. Нэхъ Iэзэу кьалыитэ, лэжьыгъэ гъэщIэгъэун кьэзыгъэльагъуэ гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм щIыкъ тхылъхэр иратынущ.

Зэхуэзэхьэсар

ИСТЕПАН Залинэщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Кофер къызэрахутар

КУЭД щIащ абы пьандэрэ. Ильэс 900-м нэс дэкIыжащ. Кофем япэу гу лъызытар бжэныхъуэхэрщ. Гукъыдэж лъэпкъ ямыIэу хъуПэм яху бжэнхэр сыхьэт нэхъ дэмыкIыу нэжэгужэхьурт. Ар кIыхьыхэкIыр зрагъэщIэну бжэныхъуэхэр абыхэм якIэлъыплъу хуежащ. Бжэнхэм мыльагъу щыт чыщхэм къапыкIахэмрэ я тхьэмпэхэмрэ яшхырт. Бжэныхъуэхэм ахэр къыпачри, къахьащ. Едзакъэмэ, дыджт. ИрипщэфIэну ящIа мафIэм жыпэхэр пэрадзащ, мэ гуакIуи къыдрихьеящ. Псым халъхьэри ирафати, ягу ирихьащ. Абдежым къыщежьащ кофер къэгъэсэбэныпир. Ар къыщыхъуар Эфиопиерщ, Каффе жылагъуэм пэмыжыжьу. И цIэри абы къытекIащ. ХьэрыпыбзэкIэ къикIыр «зэфэ» жиIэу аращ.

Кофер Эфиопием икIри Йеменым нэсащ. АдэкIэ Азием кIуащ, Индиеми кэуду щащIэу щIадзащ. ИтIанэ ар Америкэ ИпщэмщIагъэкIыу хуежьащ, Европэм къыщысар 1592 гъэрщ. 1665 гъэм Урысейм пыхусыхум зэрелэзэ хущхъуэу къаШауэ щытащ.

Мыпхуэдэ хьыбар гъэщIэгъуэн иIэщ кофем. XVIII лIэщIыгъуэм Франджым щыщ щIэпхъаджащIитIым я судыр укIкIэ ящIат. «Мыхэр занщIэу дукIынкъым, гугъу едгъэхьурэ дгъэлIэнщ» - жаIэри, зым махуэ къэс кофе кущкIищ, адрейм шей крушкIищ, ирату щIадзащ. Абыхэм къащыщIым кIэлъыплъыну зы дохутыри ирагъэбыдилIэжащ. Дохутыри кIэтIийхэр егъэкъабзэ, щыIэм нэхъ укъреГъэлI, укъызэщIегъапльэ, уи гукъыдэжыр къелэт. Швед ботаник цIэрыIуэ Линней Карл (1707 - 1778) пщэдджыжьым пIэм къызэреувэхыу кофе ефэрт, арынщамэ, гукъыдэж иIэтэкъым. Узынщэ дыдэу щымытами, ар илъэс 71-кIэ псэуащ. Франджы тхакIуэхуэ икIи философ Вольтер (Мари Франсуа Друэ) (1694 - 1778) и унэм кофе щIэмыльмэ, лэжьэфырэткъым. Абы зы махуэм кофе крушкIэ 50 щриф щыIэт. Илъэс 82-кIэ псэуащ ар. Франджы тхакIуэхуэ Оноре де Бальзаки Вольтер къызэрыкIэрыху щыIэтэкъым.

Сыт хуэдиз имыфIагьми, кофем хуэсакъыу уефэмэ нэхъыфIщ. Ар нэхъ къомыгуэдзу къэнэнущ, шэ хэпкIэурэ зэфэрэ.

УЭРЫШ Нурхьэлий.

● Мывэ лъапIэхэр

Насыпрэ лъагъунытъэрэ къыдокIуэ

Дыгъэгъазэм и мывэу ижь-ижьыж лъандэрэ къалъытэр ручбинращ. Рубиныр плъыжьыфэщ, укIуэцIрыплъ мэхьу. КъухьэпI лъэныкъуэмкIэ налкъутналмэсым нэхърэ нэхъ щагъэлъапIэ рубиныр. ЦIыху псэ къабзэм, гупIанэм и Iэмыщ1э щылым деж зи гугъу тщIы мывэм текIуэныгъэм, ехьулIэныгъэшхуэхэм хуеиПэ, къызэрыгуэкI цIыхухэмэ насыпрэ лъагъунытъэрэ къахуехь, апхуэдэуи шынагъуэ гуэр къапэплъэмэ, и фэм зыхэрэдэкIри, абыкIэ хьыбар ярегъащIэ.

Рубиныр цIыхуэм сэбэпшхуэ къыхуохьу, нэ къытригъахуэркъым, къару къыхехлъхьэж, игу щIэныкъуэхэр щхьэщех.

ГъэщIэгъуэнщ

ЛампIыр щIэх-щIэхыурэ лъэщым хуейщ. Абы триха сабэм нэхур процент 25-кIэ егъэмащIэ.

* * *

Геронтологиер цIыхур жьы зэрыхъур зыдж щIэныгъэщ. А псалъэм алыджибзэм къыхэкIащ. Нэхъапэм Спартэм нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэ къыщыззэрагъэпэщауэ щытыгъащ геронткIэ едзэу - аращ щIэныгъэм и цIэр къызытекIари.

* * *

Хьэпщхупщ нэхъ шынагъуэ дыдэхэм хабжэ, уеблэмэ щхъухь нэхъ гуащIэ зиIэ блэхэм нэхърэ нэхъ Iейжу къальытэ африкэ хьумпIэцIэджхэр. Абыхэм я гъуэр щахьуэжкIэ, е кьэмэжлаУэ щIым къыщыщIэнщкIэ псэ зыIут, зызыгъэхьей сыт хуэдэ псэущхьэри и пIэ кьрамыгъэкIыу яшхынущ.

* * *

Илъэс дапщэкIэ псэурэ пылыр? ЩхьэхуитУ псэу пылхэм я гугъу тщIымэ, а упщIэм жэуапептыну тынышкъым, ауэ зоопарк-хэм щаIыгъ пылхэм ящIущ нэхъыбэрэ - илъэс 78-рэ - псэуащ Калифорние зоопаркым щыIа Мэдок пылыр. Африкэм нэхъыбэ дыдэ къыщызыгъэщIар Ахьмэд зыфIаща пылырщ. Ар илъэс 75-кIэ псэуащ. Зоологхэм къызэраIыгъэмкIэ, дунейм хуиту тет пылхэм къагъащIэр нэхъ мащIэщ.

* * *

Европей псыхэм бдзэжьей нэхъ ин дыдэу хэсыр сомращ. Иужьрей зэманым къаубыда сомхэм ящIущ нэхъ ин дыдэм и кIыхьагъыр метри 5 хьэт, килограмм 300 и хьэтьагът. Дэ ди къэралым къыщаубыда сомым килограмм 256,7-рэ кьишэчырт.

* * *

Къуалэбзуэхэр зэрыс зоопарк нэхъ ин дыдэр зэрещIэр Сингапурыщ. Гектар 25-рэ хьэ щIыпIэм бзэ зэмылIэужьыгъуэу мини 8 щопсэ. Абыхэм я нэхъыбэр клеткэ щхьэхуэхэм искъым. Бзэхэр зоопаркым имылъэтыкIын щхьэкIэ, абы и хьуреягъыр метр 40 зи лъагагъ сеткэкIэ къэгъэбыдыхьащ.

● Хъужъуэхэр



Псэуэгъу зэхуэхъуа Табыщхэ Тимуррэ Заремэрэ!

ЛIэужь хабзэщ IуэхущIафэ дахэу фи зэхуаку къыдэхъуар, Тхьэшхуэм дольэIу а хабзэм хуэфащэнрэ екIуу зезыхьэнрэ фыхьуну!

Фи зэхуакум щыгъэгъэну жыгыр
Насыпи жьлэу икIыкIыну,
И лъабкъэр жьыжь кIуэрэ къуэпсыбэу зэхэкIыну,
КIыпыкIэнур зэгурыIуэрэ щIэблэ узыншэу,
Дэрэжьэгъуэрэ гурыфIыгъуэрэ къыдэкIуэу,
Ахэр къыхэзыкIуэну гъуэгур гугъэмкIэ бгъуэрэ
ГухэщымкIэ бгъуэзу къыфхуIэкIыну,
Дунейм и щIэкIыпIэ псори фэркIэ хьэр хьуну,
Унагъуэ хъупхъэщ къыщыфхужалэр фи нэмысу,
Нэмысщ1эжьукIэ адэ-анэр вгъэлъапIэу,
Фи щхьэр лъапIэ зыщIыр фи гукъэкIыу,
Зэдыщ1эжьыу Iыхьлыр фи унэ пэкIуу,
Гухэхъуэу фызэрыгтэмкIэ дунейм и Iэфым зыкъывдищIу,
Фыщ1эращIэу, фыдахэу, фыхахуэу,
Лъэпкъыжьу зи жьэгу мафIэ вгъэблэнур вгъэ жьыфIэу,
ЗэрывгъэбжьыфIэр псалъэ дахэрэ лъэужь уардэу,
Унагъуэ быдэрэ къэмыкъутэжьыну гъащIэ кIыхькIэ
Тхьэр къыфхуэпсэну дохьуахьу!
Жьы фызэдэхьуну, фи жьыщхьэм нэси махуэу фызэдэпсэуну дольаIуэ!

Табыщх э я лъэпкъыр.

Налшык къалэ щыпсэу Къамбэчокъуэхэ япхуу, Улымбащхэ я нысэ Эммэ Суфян и пхъум дохьуэхьу медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат зэрыхьуамкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкIэ и факультетыр кьиуха нэужь, Эммэ республикэ сымаджэщым лэжьэн щыщIидзащ. Дохутыр Iэщагъэм и щIэху псори зригъащIэу, адэкIэ зи щIэныгъэм хэзыгъэхьэну мурад зыща хьэщджэбзыр Москва аспирантурэм щIэтIысхьащ. Ар иджыблагъэ кьиухри, и кандидат лэжьыгъэри ехьулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ.

Апхуэдэ Iуэху дахэкIэ дызыгъэгъуэфIа ди хьыджэбзым дохьуэхьу зыIэрифIэхьа ехьулIэныгъэр лъагапIэщIэжэм я къежьапIэ хьуну, и пщIэр лъагэрэ и Iу жущIафэкIэ щIэрыIуэу дунейм тетыну , и унагъуэ дахэр нэхъ лъэщ хьу зэпыту, кьыдалъхуахэмрэ Iыхьлыс эмрэ кьыдэгуфIэу куэдрэ псэуну!

Уи адэ щыпхьу Бэчыщокъуэ Лалусэрэ абы и унагъуэмрэ.
Къэхъун къуажэ.

● Фэ фщIэрэ?

Нэхэм, набдзэхэм куэд къыбжаIэ

Нэр псэм и гъуджэщ, жаIэ. Нэхэм ращIэпIэмэ, цIыхум и гум щыщIэр къызэрыпщIэр арагъэщ абы кьикIыр.

Нэ дахэ, зыиIэпызышэ зиIэ цIыхур и узынщагъэкIэ гуныкъуэгъуэ имыIэу, шыIэныгъэ хэлъу, зэпIэзэрыгъэ, акъыльифIэу къаПытэ. Апхуэдэ нэхэм хуабагъэрэ нэхугъэрэ кьапкърокI.

Нэ пIащэ зиIэхэр гупщанэхэщ. Ахэр сыт щыгъуи пашэу щытыну щIокьухэр.

Зи нэхэр цIыкIур зыхуэазэрэзыяк, зи гупсысэкIэмкIэ куэдыя ядэмыгъашэ цIыху щэхущ.

Нэхэм я фэми куэд елъытащ. Нэр фIыщIэмэ, гъуабжэмэ е удзыфэмэ - цIыхур жьыдэкIэ дыдэщ; нащхьуэхэр гу щабэщ; нэ гъуабжэхэр - укIытэхущ.

Зи набдзэкIэр бгъуэ, кIыхь щIыхур хьэл-щэн дахэ зыхэлъу, сыт и лъэныкъуэкIи фIыуэ кьалъытэ. НабдзэкIэр пхъашэмэ, зэкIэщIэпIиемэ, щIыхум и хьэлыр ткIийуэ, абы декIуэкIыгъуейуэ ябж. ЩIхьэмкIэ дэжьея набдзэ Iув щытетыр щIыху псэ хьэлэщ, ехьулIэныгъэ куэд иIэщ.

Набдзэхэр итъабжьэмкIэ екIыхэмэ, ар укIытэхэщ, кьыпэщ1ытъ Iуэхум тегушхуэ-гъуейуэ аращ.

Набдзэ кIыхь, къурашэ зытет щIыхухэр губзыгъэу, щIыхубзыр хьэл псынщIэ зиIэу ябж.

Набдзэр кIэщIрэ Iувмэ, щIыхур къэгубжьыгъуафIэу аращ.

Жэм ... макъ. **26.**ЩIыхухъуIэ. АцIэр фIащауэ щытащ колхоз тхьэмадэ щIэрыIуэу щытам, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужьым. **27.** Адыгэ зэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **30.** «... щIыкIэ къыумыгъэшыр бжэгъу хьуа нужькIэ кьыпхуэгъэшыжьыркъым» - псалъажь. **31.** ФIэIугъэ щIыззхальхьэкIэ хакIэ. **32.** Адыгэ таурыхъэм узыщIрихьэлIэ цIыхубз бзаджэ. **34.** Тхылым и «джан». **36.** Цы закъуэ. **37.** «Хьэжыгъэ ... закъуэ» - ЩоджэнщIыкIу Алий и рассказ. **39.** Унагъуэ кьэс яIэ хьэпшыр. **41.** Языныкъуэхэри а щхьныгъуэм «хьэтыкъкIэ» йоджэ. **42.** Iуащхьэмахуэ щыгу япэу кьэзыгъэIурыщIа адыгэлI. **43.** КIапсэкIэ зэкIуэдIыпха гуэр. **44.** Дэрбзэр хьэшыпI. **45.** Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 60 хьу кьэбэрдей усакIэ.

Къехьу: **1.** ЩIакхъуэ зэрагъэтэджь щыкIуртIым щIыкIу. **2.** КIэлъыплъыну, ихъумэну зыгуэрым пIалъэкIэ кьыхуагъанэм щхьэкIэ жаIэ. **3.** Сосрыкъуэ и щыр. **4.** Жэщым дзыгъуэм ещанкIуэ кьуалэбзу. **5.** Нэщ1 исым и пщ1дджьжьышхэ. **6.** «... и дыгъуасэхэр» - ЩоджэнщIыкIу Алий и поэмэ е щIыхухъуIэ. **9.** Таурыхъ, шыпсэ. **10.** Аруан районым щыщ къуажэ. **11.** Пхъэ зэгуэхам кьыхах пхъэ пащIэ. Ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп. **19.** Льэпщ1 ипэкIэ нартхэм я гъуэкIуу щыта. **20.** ПхъашIэ Iэмэпсымэ. **21.** КIыщокьуэ Алим нужьу итха роман. **23.** ЗекIуэ ежьахэм гъуэгум ирадзу щыта «пкIэльей». **24.** Сирием адыгэхэр зэрэдэжр. **25.** Пкъо. **28.** «МафIэ уиIэ?» - жиIэу Сосрыкъуэ зэуэщIа нартхэм ящыщ зы. **29.** ЩоджэнщIыкIу Алий и цIыкIэ щыIэ театрым и джэгуакIуэу щыта, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист-кэ. **33.** Махуэм и зы Iыхьэ, пщ1дджьжь лъэхъэнэ. **35.** Тегушхуэныгъэ. **36.** МылькукIэ иримыкъу цIыху. **37.** Ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп. Сахарэ кьум абрагъэм и кьуленгъэ нэхъыщхь. **38.** Тхьэм и фIыщIэу ябж гуфIэгъуэм теуху зэхьхьэ, ерыскъыщхуэ кьыщIэту. **39.** Кавказым щыпсэу лъэпкъыщхуэ, мелуан бжыгъэ хъууэ. **40.** Лъхуэкъуэлыр бгъэкIэсмэ, ар пфIиубыдынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Дыгъэгъазэм и 1-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыну: **5.** Кьаздэхъу. **6.** «Къэрабэ». **9.** Щолхьэу. **11.** Даур. **14.** IутIыж. **15.** Тут. **16.** КIыш. **17.** ЩIопщ. **19.** Анэ. **20.** Бзэгу. **23.** «Мцыри». **24.** «Сэфар». **28.** Амыщ. **30.** Пыл. **32.** Кьады. **33.** Бжьо. **34.** КIуащ. **35.** Анэщ. **36.** Дашу. **38.** Аруан. **41.** Кьалмыкъ. **42.** Губгъыгъэ.

Къехьу: **1.** Азие. **2.** Лъэпщ. **3.** ЩIэщхьу. **4.** Нало. **7.** Тужков. **8.** Пщыгъуэш. **10.** Лэгъуэнэ. **12.** «Нур». **13.** «Сын». **18.** Щомыщ. **20.** Бэракъ. **21.** Кьурт. **22.** Сэхъу. **25.** Емынэжь. **26.** Жьыпду. **27.** Адтщхуэ. **29.** Ужьэ. **31.** Дау. **37.** Болэ. **38.** Арыщ. **39.** «Нобэ». **40.** Урыху.



● Нэщэнэхэр

Дыгъэгъазэм ехьэлIахэр

■ Дыгъэгъазэр хуабэу, уэтIпсытIу екIуэкIмэ, щIымахуэр кIыхь хьунущ, гъатхэр нэхъ гуваУ кьихьэнущ.

■ Дыгъэгъазэм ящу кьес уэсыр псыфу, зэкIэрыпщIэу, хьэлъэу щытмэ, гъэмахуэм уэлбанэрилэу екIуэкIынущ, уэсыр гъущэмэ, псынщIэмэ гъэмахуэр уэгъу хьуну аращ.

■ ЩIымахуэм уэсыр куэдмэ - гъэмахуэм щIыр псыГагъэ щыщIэнукъым.

●Цыхубз цIэрыIуэхэм я гупсысэхэр

Гъащ1эм сегъэунэху

Бзыльхъугъэ мыдахэ щыIэкъым, щыIэр зэрыдахэр зымыщIэ цIыхубзщ.

ЛИ Вивьен,
инджылыз киноактрисэ.

Хьэл-щэныр цIыхум и дахагъэр нэхъ наIуэ кьэзыщкъым ящыщщ.

ЛОРЕН Софие,
итальян киноактрисэ.

Ныбжьэгъугъэращ илъэс бжыгъэкIэ нэхъ махэ мыхъу гурыщIэу щыIэр.

ДЮДЕФФАН Маркизэ,
франджы аристократкэ.

Сэ гъащIэр згъэунэхуркъым, езым сигъэунэхуу аращ.

ГОФФ Инн э,
урысей тхакIуэ.

Ныбжьэгъугъэм цIыхухэр нэхъ зэрешалIэ, нэхъ зэгъунэгъу ещI лъагэныгъэм нэхър.

ДИТРИХ Марлен,
нэмыцэ-америкэ киноактрисэ.

● Гушыlэ

Жьыжь нихьэсынукъым

ЩIалэ цыкIум и адэр егъэджакIуэм ириджауэ кьыжьрелэ:

- Уи къуэм географием хищыкIыркъым, тIэкIу нэхъ егугъуну жеПламэ, арат.

- Географиер ягъэ кIынкъым, дауэ мыхъуми, ди мылькум жьыжьэ нихьэсынукъым ар.

Школым сыщыIакъым

- Нобэ гуэрым уи класс унафэщIыр кьысхуэтхьэусыхащ, - жреIэ анэм еханэ классым щIэс и къуэм.

- Сыт щхьэкIэ? Сэ нобэ шюлым сыкIуэххакъым, - жи щIалэ цыкIум.

Пц1ыуэ къэсщтащ

- Ар дауэ хъуа, сытым кьыхэкIа сыхьэт нюкъуэкIэ фIэкIа умыпсэльауэ телефоныр теплъхьэжьныр? - игъэщIагъуэу зыхуеГаазэ лIым и щхьэгъусэм.

- Иджыри сыпсэльэну хъунт, ауэ телефон номерыр пц1ыуэ къэсщтауэ кьыщIэкIащ.

Хьэм и гугъу умыщ1

- КхъыIэ, тыкуэным кIуэн, фошыгъу ялоурамэм кьыщIэж, - йоПэлъу цIыхубзыр и лIым.

- Ленэ, апхуэдизкIэ уэщхьышхуэ кьошхри, хьэ къудейр щIэпху хъункъым иджыпсту унэм, - жи лIым.

- Хьэм и гугъу умыщIу уи закъуэ кIуэ, - ет жэуап цIыхубзым.

● Зыкъэфпщытэж

Плъыфэхэм я бзэкIэ

IэщIагъэлIхэм кьыззэралъытэмкIэ, цIыхымрэ абы игу ирихь плъыфэмрэ зэпыщIэныгъэ гуэр зэхуалэщ. Кьапщтэмэ, **плъыжьыр** нэхъ кьыхэзых цIыхухэр кьарууфIэхэрщ, лъагапIэ щIэкъуэрщ, плъыжьыр зигу иримыкъ цIыхум шыIэныгъэ хэлъщ, зыри зэран кьыхуэмыхъуу псэумэ, нэхъ кьещтэ икIи псалъэмакъыншIу псоми ядэгъэгурыкIуэну хэтщ.

Гъуэжьыр нэхъ кьыхэзых цIыхухэр шыIэныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэпIэзэрыпынысгъэр зи хьэлым щыщхэрщ. А плъыфэр зыфIэфIхэр цIыхуэм тыншу йопсэльэф, гулъытэ нэхъыбэ кьыхуащIмэ, нэхъ кьещтэ, сытым дежи нэхъыбэ кьызэрищIэным иужь итщ.

Удыфэр гъащIэм, гъатхэм и плъыфэу ябж. А плъыфэр зигу нэсхэр нэгъуэщIым и унафэ щIэувэну зыфIэмыфIхэрщ, и увыпIэ гъащIэм кьыщигъуэтыжыным щIэкъуэхэрщ. Удыфэр фIыуэ зымылъагъуэхэр гъащIэм зыщрихьэлIэ гугъуехьхэм щошынэ, лэжьыгъэ гугъум сыт щыгъуи зыпыIуедз.

Щхъуэр уафэм и плъыфэщ. Ар цIыхум и псэкупсэ къабзагъэм хуагъэдзэ. Ар нэхъ зигу ирихьэр хьэл зэтеубыда зиIэхэрщ, цIыху гумахэхэрщ. Ауэ апхуэдэ цIыхухэр щIэх дыдэу йоззш, лэжьыгъэ хьэлъэ яхуэгъэззащIэркъым. Апхуэдэ цIыхухэр сыт щыгъуи хуэныкъуэщ зэзэшхуэрыеихьхэм я гулъытэ. Щхъуэр фIыуэ зымылъагъуэр хьэл псынщIэ зиIэ цIыхухэрщ.

Хужьым плъыфэу щыIэр кьызэщIиубыдэу кьалъытэ. КьищащэмыщIауэ, ар фIыуэ зымылъагъу цIыху куэд щыIэкъым, сыт хуэдэ дуней тетыкIэ, хьэл-щэн иIэми.

ФIыцIэр нэхъ кьыхэзыхэр гъащIэм щымыгуфIыкIыфхэрщ. Щыгъын фIыцIэкIэ зыщыуагэмыщIауэ, ар фIыуэ зымылъытэжхэрщ, ягу иль Iуэхур кьайхъулIэным щымыгуГъэщ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБКъУ-м и адыгэ къудамэр илъэс 60 ирокъу

КъБР-м ЕГъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м и ректоратым хъыбар ,фагъащIэ дыгъэгъазэм и 20-м сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 30-м университетым адыгэбзэ щадж и къудамэр къызэрызIуахрэ илъэс 60 яригъэкъуэ щыта теуху гуфIэгъуэ зэIущIэ абы и актовэ пэщIэм зэрыщекIуэкIынымкIэ. Пщыхьым кьрагъэблагъэ адыгэ, адыгэ-урыс къудамэр 1947 гъэм щегъэжьауэ 2007 гъэм нэс къызыухахэр.

ГуфIэгъуэ зэхьхьэм хэтынущ КъБР-м, университетым я унафэщIхэр, газетхэм, телевиденэм, радиом я лIыкIуэхэр, адыгэ уэрэдыIакIуэ цIэрыIуэхэр.

ФыщIэупщIэ хьунущ мы телефонхэмкIэ: **42-22-54; 47-31-83.**

НапэкIуэцIыр зыгъэхъэрар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ЖьлаСэ Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокьуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхуэщ1апIэхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; къыхьарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэрэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыIэкъым.

Газетыр Iэ тезыдзэхэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ ЕвнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ и полиграфомбинат, Налшык къ., Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъэхьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокьуэ Эллэ, редактору ЖЬэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инн э *(1,2-нэ нап.)*, Табыщ Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Иуан Заирэ. *Компьютер Iэ газетым и тепльэр ящIащ:* Щ1ыкIуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суРэтыщ1* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.045●Заказ №3601